# *Rudzikinuro Muhuzaro, Mumufaro*

Ndinofara manheru ano, zvakare, kukukwazisai muZita raIshe wedu akaisvonaka Jesu, Mwanakomana waMwari akamuka kuvakafa. Uye Hupo hwaKe hwanga hwatova pano kare pandapinda, saka tiri kutarisira kuona zvinodarika, muhuwandu, "pamusoro pezvose zvatingagona kuita kana kufunga," manheru ano, kuti Mwari vachadurura patiri, maropafadzo aVo, uye nokukudza Jesu Kristu pakati pedu.

2 Ndanga ndichitaura husiku 2 hwapfuura . . . Svondo manheru ndinofunga takava nesevhisi yekunamatira vanorwara, uye manheru eMuvhuro ndaiparidza. Uye nekupa . . . Ndakatanga chidzidzo, Svondo mangwanani, mutabhenakeri. Zvino ndakafunga, patainge takamirira vanhu kuti vati wandei zvishoma, ndaizongoti taurei manzwiro angu. Ndiri . . .

3 Rimwe ramazuva ano, kana Mwari vachida, uye vakandibatsira, ndinongoda kuva nembuserere dzakati wandei uko kwau—kwausinga . . . ndinongopinda ndoparidza kana kudzidzisa Magwaro, nekudanira vanhu kuartari, ndodzika paartari ndonamatira vanhu, uye sezvataisiita isu maBaptisti echinyakare. [Mumwe anoti, "Ameni."—Mupepeti] Vangori maBaptisti 2 chete vandanzwa vachiti, "Ameni." Saka mose muri vekupi, manheru ano?

Mumwe akati, "Hama Branham, maiva muBaptisti here?"

Ndikati, "Ehe," ndakadaro.

4 Ndaiparidza kuno kuArkansas, imwe nguva. Mumwe muchinda, mutana, akapodzwa. Akanga ari . . . vaiva . . . Akanga ari muNazarene. Aive akaisa madondoro ake kumusana kwake, zuva rakatevera racho, achitenderera nemuguta, aine chi—chiratidzo paari, "Mwari vakandibvisa pane izvi, husiku hwapfuura." Uye akanga akaremara zvakaipisisa. Maive muLittle Rock. Uye anga akadaro kwemakore akati kuti. Uye munhu wose aimuziva, nekuti aitenderera, aine ngowani yake iri pasi, achitengesera mapenzura mungowani iyi. Uye munhu wese aimuziva, saka zvakangotanga, zvakangoita chinhu chikuru muguta.

5 Uye husiku hushoma shure kwaizvozvo, ndaiparidza, zvino—zvino akasimuka. Akati, "Mirai zvishoma, Hama Branham, munganetseka nazvo here ndikakubvunzaiwo chimwe chinhu?"

Ndikati, "Kwete, changamire."

6 Uye akati, “Zvakanaka,” akati, “panda—pandakakunzwai muchiparidza, ndakaziva kuti muri muNazarene.” Akati, “Zvino ndakaona vanhu vose vePentekosti vari pano, uye mumwe munhu akandiudza kuti muri muPentekosti.” Akati, “Ndakunzwai muchiti, nguva yapfuura, muri muBaptisti.” Akati, “Handisi kuzvinzwisisa izvi.”

7 Ndikati, “Zvakanaka, zviri nyore. Ndiri muBaptisti ari muPentekosti ari muNazarene.” Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Tinongo . . . tenda.

8 Oo, shamwari, handisi wesangano ripi zvaro rechechi, asi zvakadaro ndiri werimwe nerimwe rawo. Pandakatanga pane izvi, ndakati, “Kristu ndiye musoro wangu. Bhaibheri iri ndiro bhuku rangu rezvidzidzo. Uye pasi rose ndiro chechi yangu.” Saka, ndizvo—ndizvo zvandinoda kuva kusvikira ndafa.

9 Zvino, muhusiku humwe kana 2, tichaedza kutanga sevhisi yekunamatira vanorwara zvakare, kana tawana . . . Honguka, ndichiona nhowo nemasitirecha zviri kwese pano, ndingada kuona chimwe chinhu. Ndine shungu yekuti chimwe chinhu chiitike muno muLouisville, Kentucky, nekuti ndiyo dunhu rekumusha kwangu.

10 Handisati ndambova newakanaka, wamunoti musangano wakanaka, muKentucky. Zvino handizvireve mune zvakaipa. Nda—ndakava nemazhinji asina kumira zvakanaka, munzvimbo zhinji. Asi, ndinoreva, imo muno mumusha mangu, zvakaoma kwazvo. Ini . . . zvakangooma kuita kuti zvinyatsopinda mavari. Handizive kuti sei. Asi ndinofunga imhaka yekuti Jesu akati, “Munyika yako iwe,” uye kuti zvingava zvakadii, zvichida ndizvo zva—zvazviri. Asi hatimbofa takaona zvishamiso zvakatanhamara zvakawandisa.

11 Ndakava nesevhisi pano, rinenge gore kana 2 apfuura, muJeffersonville, asi zvakaitika kuti mudzimai uyu aibva kumusoro kuno kuKentucky kune imwe nzvimbo. Akanga aoma mitezo, sekuti, kubva pamakumbo ake zvichidzika; kubva muhudyu zvichidzika kusvika kumakumbo ake, waro. Uye a—akanga asina kumbofamba, kwemakore 17. Vazhinji venyu maivepo pahusiku ihwohwo, uye munorangarira nyaya yacho. Zvino akasimuka ndokufamba achibuda mutabhenakeri, zvakangonaka.

12 Zvino, ndinoda kuti chimwe chinhu chigotanga muno muLouisville, pandinokwanisa kuona rumutsiriro rwechinyakare rwuchitsvaira nemuguta guru rakanaka iri kuno.

13 Iguta rakafanana nemamwe maguta ose; rine huipi sezviri mamwe ose. Munoziva kuti ichokwadi ichocho. Handisi kurwadzisa Kentucky; nokuti, ndiri munhu wekuKentuckywo, zvakare. Horaiti. Asi i—ichokwadi. Rine huipi. Uno ndiwo musha wemahwiski ose nenzvimbo dzekubikira zvinodhaka, nemidziyo

yakaipa nezvese, sekudaro, zvinoitika muno muLouisville, Kentucky muno, saka ino ndiyo chigaro chaSatani.

14 Asi tinogona kuzvidambura-dambura neEvhangeri yaJesu Kristu, kana tose tikabatana. Ndizvozvo. Tinofanira kubatanidza masimba edu pamwe chete tosunda.

15 Imwe nguva yapfuura, mumwe muvhangeri ane mukurumbira munyika, akati, achitaura nezvemasevhisi kuno. Akati, "Zvinoka, hezvinoi zvazviri." Akati, "Pandinopinda muguta, zvese munyika yose zvinofanirwa kutsigira misangano yangu kana kuti handiende. Ndizvozvo. Zvinoka, chimbofungai. Ndinofunga kuti pane 60 kana 70 machechi makuru eBaptisti muLouisville. Maona? Ko kuzoti maMethodisti? Uye iguta reMethodisti; iyo Asbury iri kumusoro kuno. Murume uyu angawanei kana akauya kuguta rino, ringori remaMethodisti nemaBaptisti chete, ndoda maPresbyterian nevamwe vose?

16 Zvino machechi mangani eEvhangeri yakazara ari muno muguta? Tumamisheni 2 kana 3 zasi uko kune imwe nzvimbo, angori machechi madiki, pano neapo, uye ari kutorwisana pachezvawo.

17 Saka paunopinda muno, unofanira kutomira pasimba reshumiro yako. Ndizvozvo. Uye kunyange ma. . .munhu wese akangoita sematongerwo enyika ari kupinda. Zviri pasimba reshumiro yako, kutora kubva kune chero chichatumirwa naShe. Ndinozvifarira saizvozvo. Hama, kana Jesu Kristu asiri mbambo yangu pano, netsigiro yangu, saka handina chimwe chekumira nacho. Ndizvozvo. Iye. . .Pana Kristu, Dombo rakasimba, ndinomira; dzimwe nzvimbo dzose ijecha rinonyudza, kwandiri. Ndingasva hangu ndaparidzira vanhu 5 vandinoziva kuti Mwari vavatumira kuti vanzwe Mharidzo, pane kuparidzira 10,000 vakakweverwa mazviri nezvematongerwo enyika. Ndizvozvo.

18 Ndingasva hangu ndaona kutendeuka kwemunhu 1 kwechinyakare, odzika kuartari ochema nekubongomora chaizvo, pane kuona 10,000 vakamira, vachingoti, "Zvakanaka, ndichaZviedza." KuZviedza? Haasi Kristu wekuedza. Ndiye waCho wekugamuchira. Kurarama kana kufa, kunyura kana kunwa mukombwe, Mutore zvakadaro. Ndizvozvo.

19 Kana ndikanamata, ndonamatira vanhu 10,000 manheru ano, zvino vose vofa mangwanani; mangwana manheru ndinodzoka pano ndonamatira vanorwara, ndichitenda kuti Shoko raMwari nderechokwadi. Ndizvozvo.

20 Kana ndanga ndiri kufa; uye vanhu 5,000 vakafa makore 100 akapfuura, uye vanga vari muna Ziyendanakuenda kwenguva yakareba kudaro, vomuka vouya panyika pano, vobva vati, "Hama Branham, musavimbe naZvo. Haasi raiti. Musavimbe naZvo. Ta—takavimba naYe, ndokuenda; tikakundikana."

21 Ndinongoramba ndichiti, "Regai ndifire muna Jesu Kristu." Ndizvozvo. NdinoZvitenda. Uye ndiwo mwoyo wangu

wose, zvinhu zvose zvakarongeka zvakakwana maZviri. Uye ndinoZvitenda nemoyo wangu wose, uye ndakazembera paAri.

22 Uye ndinoda vanhu vaKe. Ndinokudai, imi vagari pamwe neni vemuHumambo hwaMwari. Uye ndinoda kuita chirwirangwe nemi, totakura mutoro.

23 Zvino, manheru ano; ndakataura, manheru apfuura, kuti ndanga ndiri kuzotaura kwechinguvana manheru ano, Ishe vachitendera. Handidi kukuchengetai kwenguva yakarebesa, ndokunetesai, nekuti tiri kutarisira . . .

24 Ndine kakutarisira kandinako pamberi paShe pamusangano uno. Uye ndiri kutarisira kuti Mwari vaite chimwe chinhu chichatanga musangano unofambira mberi muno muguta. Iwe namata, ita chikamu chako; zvino, kana Kutongwa kwauya, tose tinogona kumira tichiti takaita chikamu chedu.

25 Muchitsauko 20 chaEksodho, tichitanga nendima 7, ndinoda kutaura kwenguva shoma, kana Mwari vachitendera, pane chakanyanya . . . zvinoka, ndingati, kwete chidzidzo chakatanhamara, asi chi—chidzidzo chakanaka. Svondo yapfuura, paSunday school kutabhenakeri muJeffersonville, takatanga, pane, "rudzikinuro kubudikidza neRopa."

26 Uye izvi ndizvo zvandiri kuedza kuita, kana iwe uchida kuziva kuti sei ndiri kuita izvi pano. Vazhinji venyu munoti hamusati mambondiona ndichiparidza mumusangano wekunamatira vanorwara, asi zvine chinangwa. Ndofunga, dai ndaigona kuita kuti mweya iputsike iuye kuartari, zvino ndaizowana nyasha naMwari kune Louisville, ndizvozvo, kana vanhu vakanyatsozvidzikisa pamberi paMwari vonamata.

27 Uye, zvakare, pane vazhinji venyu, shamwari, vari kunamata, kutsanya, uye muchitya kutora zvamuri kunamatira. Ndizvozvo. Maona? Zvakanaka, hazvikubatsire kutsanya nekunamata, kunze kwekunge uine mamwe mabasa anofambirana nazvo. Kutenda kwako kwese, kuri munyika, hakuna zvakunokubatsira kunze kwekunge wabuda ipapo, uye wofambirana nacho, wochitora. Ndizvo zvoga. Unofanira kupfuurira mberi. Unofanira kungobuda wozviita, zvisinei. Kana ukakumbira chimwe chinhu, enda unochitora. Mwari vakati ndechako, saka usatore chimwe chiri pasi peichocho. Tora chawakumbira. Ita izvozvo, uone kuti panobuda zvakadini. Ehe. Usa—usadududze zvino woti, "Zvinoka, ndichatora chechipiri chacho."

28 Ndichatora chekutanga chacho. Mwari vakandivimbisa, chekutanga, ndicho chandiri kuda. Uye kwemakore 23 andaVashumira, Vakandipa nzvimbo iyoyo. Uye ini . . . Uye chero bedzi ndichitenda maVari nekuVada, uye Vachindida, zvichangova saizvozvo nekuti Vakasungirwa kuShoko raVo. "Zvipi nezvipi zvaunoshuva, paunonamata, tenda kuti wazvigamuchira, uchazviwana." Ndizvo zvaVakataura. Ndizvo

here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Zvakanaka izvozvo. Horaiti.

29 Ndinofarira kukunzwai muchiti, "Ameni." Munoziva, Hanzvadzi Hoover, *ameni* inoreva kuti "ngazvive sekudaro," kwandiri, munoziva. Uye ini—ini ndikange ndichitaura, ndorega kunzwa munhu anoti "ameni," ndi—ndinovhiringidzika chaizvo.

30 Pano imwe nguva yapfuura ndaiparidza mune imwe chechi duku, uye—uye ndaingo . . . Oo, handina mazvibatiro kwawo epapurupiti, nemaererano, ndinofunga, nedzidziso yebhaibheri yemazuva ano, saka ndinofunga handina kuzvibata zvakadzikama. Uye ndinofunga ndakasvetukira pamusoro pepurat- . . . papurupiti, sa*izvozvo*, ndokubata maikirofoni muruoko rwangu, ndokugara ipapo, netsoka dzangu dzichizeya, ndichiparidza nesimba rose. Pandakazobengenuka; handina kuziva kuti ndaiitei. Mumaminetsi mashoma, ndakarasika zvakare, ndokuzviwana ndave pasi panzira yepakati pamacheya, ndichikunya gumbo remutirauzi wangu. Handizive kuti sei, asi ndaingova . . . Ndaida chaizvo kumbogara ipapo kwechinguva. Ndicho chinhu chimwe chandingada kutaura. Kwaiva kumwewo kwandainyatsoitirwa zvakanaka. Ndakangorarama nazvo kwemazuva akati kuti mushure mazvo.

31 Pane mumwe murume akauya kwandiri, ndokuti, "Nhaiwe," akati, "unoparidza sei, nevanhu vose ivavo vachiti, 'Ameni'?"

Ndikati, "Ndizvo zvacho zvinondiita kuti ndiparidze." Ehe.

32 Ndaimbova nembwa yekare. Ndaivhima majerenyenje. Ndinofunga ndine shamwari dzakawanda dzekuKentucky pano dzinofarira kuvhima majerenyenje. Saka . . . Zvino yaimhanyisa mhuka chero ipi zvayo mumiti, yoenda kunoitora, kunze kwechidembo; zvino hayaitongove iine chekuita nacho. Zvino, yaichitandanisira pasi pemurwi wezvimiti. Uye chinhu choga chandaizoita, ndakanga ndisingadi kupinda pasi ipapo kunochitsvaga, ndaiva nechokwadi. Saka chinhu chega chandaiita, kungosimudza zvimiti izvozvo, ndoibhabhadzira ndodanidzira kuti, "Saaa bata, chikomana! Saaa bata!" Zvino yaibva yaenda kunobata chidembo chacho.

33 Zvino chidembo chakaipisisa chandinoziva ndidhiyabhore. Uye kana uchida kuita kakubhabhadzira mbichana, ingodaidzira kuti "ameni" apa neapo. Uye ini—ini . . . Tinomudzingira mumuti, mushure mechinguva, toenda kunomutora. Maona?

34 Munoziva, mutana Buddy Robinson, vazhinji venyu makambonzwa nezvake. Hamuna here? Chechi yeNazarene. Akati, "Ishe," akati, "ndipeiwo musana unenge danda rinochekwa nesaha. Ndipeiwo ruzivo rwakawanda kumusoro kwedenga remweya wangu. Uye regai ndirwise dhiyabhore chero bedzi ndiine zino rimwe chete, uye ndomuruma nemavende kusvika ndafa." Ndinofunga kuti zvakanaka . . . Uye ndizvo

chaizvo zvaakangoita. Ndizvo chaizvo zvaakangoita; akura, oda kusvika makore 100 okuberekwa, uye achiri kungoparidza Evhangeri.

35 Ndinonzwa varwi vekare vachiparidza saizvozvo. Rimwe zuva, ndakabatidza redhiyo, uye imwe hama yechikuru, yainzi Mordecai F. Ham, ari kumakore angangoita 100, achiri kuparidza Evhangeri. Ndakati, "Mwari, muropafadzei, uye dai akawana nyeredzi mukorona yake kana asvika Ikoko." Hama Ham, ndinongovaziva zvishoma. Rimwe remazuva ano ndinoda kusangana navo vasati vayambukira uko, kuNyika. Uye, saka, vanogona kunokwazisana nevanhu vazhinji Ikoko. Ndinoziva kuti vachava nevakawanda vokukwazisana navo maoko kana vasvika Ikoko, oo, nokuti vanga vari mhare yekare.

36 Ishe vakuropafadzei zvino. Uye zvino, tisati tapinda muShoko iri, ngatikumbirei Munyori waro kuti auye kuzoRizivisa kwatiri.

37 Baba vedu veKudenga vane mutsa, tinoswedera kwaMuri, manheru ano, muZita rakaisvonaka, rinobwinya roMwanakomana weNyu, Jesu; tichireurura zvivi zvedu, kuti hatikodzeri kutaura Zita raKe dzvene. Nokuti mu. . . Mhuri yese yeKudenga inodaidzwa kuti "Jesu." Mhuri yese yepanyika inodaidzwa kuti "Jesu." Uye muZita iroro mabvi ose achapfugama, uye ndimi dzose dzichapupura kwaRiri, vangave vari vatadzi kana vatsvene. Zvino, kana tichitaura muZita raKe, tinofanira kunge tichidedera zvikuru mumoyo yedu, neruremekedzo, patinenge tichitaura. Saka tinokumbira nemuZita raKe, nekuremekedza, kuti Muuye kwatiri manheru ano, Ishe.

38 Tiri muno pakati peguta guru, rine marudzi ose ezvinhu izvo Satani akasunga nazvo vanhu zvakanyanya, mumabhizimu avo, mukubheja kwake, nechipfambi, hwiski, nefodya. Uye, O Mwari, nevashumiri vazhinji, papurupiti, vanongozviregaa zvichienda zvakadaro sekunge chimwe chezvinhu zvakajairika.

39 Asi, Mwari, tipeiwo izwi rekuyambira, kuti tigoparidza Evhangeri yakananga uye yechokwadi, isai demo pamudzi wemuti, regai chero zvinozoitika zviitike. Asi tibatsirei, Ishe, kuti tizivise kutongwa kwezvinhu zvakadaro, nekuparidza Evhangeri yeMwanakomana weNyu anodikanwa, Jesu.

40 Mwari, itai kuti chimwe chinhu chiitike chichazunguza guta rino kuitira Humambo hwaMwari. Kuti, kunyangwe machehi, ari kungofambira mberi pamakona, aine nhengo shoma, O Mwari, dai machechi aya akazara ogozadzwa nevanhu vakanaka, vechinyakare, vehutsvene, vakazvarwa patsva. Zviiteiwo, Ishe. Uye dai tikagamuchira rumutsiriro, rumutsiriro rwechinyakare, rwakatumwa naMwari rwuchazunguza kubva kune rumwe rutivi rweguta kuenda kune rumwe, rwobvisa huipi hwose. O Mwari, regai kutipa musangano

wakangorebesa. Tipeiwo rumutsiriro rwuchavhara mashabhini ese, rwuchagadzirisa zvinhu; nekuita kuti vanhu vauye, kana bhero rechechi rarira, uye vomhanyira kuartari vonamata mharidzo yemufundisi isati yauya, zvino vogadzirira. Mwari, zviiteiwo.

41 Zvino, manheru ano, panogona kunge paine vanorwara pano, Baba. Uye apo tiri kutaura pamusoro pevanorwara, kana takamirira vanorwara, zvakare, dai Mweya Mutsvene wapodza munhu wose anorwara ari muchivakwa chino. Ponesai mutadzi wose. Danai vadzoke, kumusha, wose akadzokera kumashure kuti abve panzira yake yakatsauka.

42 Uye zvino dai Mweya Mutsvene ukava iWo wanditungamirira kuchidzidzo ichi, manheru ano. Uye dai Akatora zvinhu zvaMwari uye ogoshandisa muranda waKe pano semudziyo, uye dai Mwari vawana mbiri. Nokuti tinozvikumbira nemuZita raKe. Ameni.

43 Mundima 7 yechitsauko 20 cha—chaNumeri, tinoverenga izvi.

> *Zvino* Jehovha *akataura naMosesi, akati,*
>
> *Tora tsvimbo, uunganidze ungano* pamwe chete, *iwe, naAroni mu*koma *wako,. . . taura kudombo pamberi* pemeso avo; uye richabuditsa mvura yake,. . .

44 Ndinoda kuti mucherechedze, mvura "yaKe."

> . . .*richabuditsa mvura* yaKe*,* zvino iwe *uchavabuditsira mvura* kubva *mudombo:* naizvozvo *uchanwisa ungano nezvipfuwo zvayo*.
>
> *Ipapo Mosesi akatora tsvimbo yakanga iri pamberi paJehovha, sezvaakanga arairwa naye*.
>
> Zvino *Mosesi naAroni vakaunganidza ungano pamberi pedombo, akati kwavari, Inzwa*. . .*imi* vapanduki*; ko tingakubuditsirai mvura padombo iri here?*
>
> Zvino *Mosesi akasimudza ruoko rwake, akarova dombo kaviri netsvimbo yake: mvura zhinji-zhinji ikabuda, ungano ikanwa, nezvipfuwo zvavo*.

45 Dai Ishe vakatora Mashoko mashoma aya zvino, patiri kudzokera kuchidzidzo chedu chemanheru akapfuura tochiunza kune izvi, kana Mwari vachida.

46 Uye zvino, ndinoda vose vanorwara vari muno, manheru ano. . .Zvino, Billy haana kumbopa makadhi ekunamatirwa nhasi, nekuti ndamuudza kuti asape. Ndati, "Chingoenda, Billy, unoudza Hama Cauble. Uye chingondiregai. . . "

47 Ndiri kuedza chimwe chinhu, kuitira mbiri yaMwari. Kungokumbira Mwari kuti vatibatsire, kuti vatipe mweya yevanhu muHumambo; uye nevatendi vanozosimbisa kutenda

kwavo, zvino vofamba vachikwira, kunyangwe pasina chimwe chinhu, vanongosimuka voti, "Mwari, ndinoKutendai, paShoko." Ndizvozvo. Ndiyo nzira yepamavambo, uye yekutanga, uye yakanakisa yacho. Ndizvozvo. Tora Mwari paShoko raVo. Zvino, kana usingakwanise kuita izvozvo, zvino, honguka, Mwari vanotumira zvimwewo zvinhu, sezvipo nezviratidzo, ku—kusimbisa Shoko raVo, kuRisimbisa kumutendi wose zvake.

Zvino, Svondo, takanga tiine, "rudzikinuro kubudikidza neRopa."

48 Tiri kutora Israeri zvino, murwendo rwavo, vachibuda muEgipita, mufananidzo wenyika, vari munzira kuenda kuParastina, nyika yechipikirwa. Ndinofunga chinhu chakanaka. Ndinongozvida izvi. Potse vhiki roga-roga, ndinogara pasi ndoverenga Bhuku rose raEksodho, kana ndichigona, kana zvizhinji zvaro zvandinokwanisa. Ndinorida nokuti mufananidzo wakakwana wechechi nhasi, chinhano chacho, pamwe nemafambiro ari kuita Mwari. Vakafambisa ipapo, zvaVakaita munyama ipapo, Vari kuita mumweya iye zvino. Mazviona?

49 Zvino, ipapo Vakatungamirira Israeri, panyama, pavakaona, vakatarisa, vakavabvisa mune imwe nyika vachienda kune imwe nyika yepanyama.

50 Zvino isu tiri kufambiswa neMweya Mutsvene, mukunopinda zvino muNyika yechipikirwa. Munotenda here kuti tiri munzira kuenda kuNyika yechipikirwa? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] "Muimba yaBaba vaNgu mune dzimba huru zhinji. Dai zvisina kudaro, Ndingadai ndakakuudzai. Ndiri kuenda kunokugadzirai nzvimbo yenyu." Ndizvo here? ["Ameni."] Zvino tine Nyika yechipikirwa yatiri kuenda kwairi, uye zuva roga-roga rinotara chinhambwe; rimwezve zuva, chimwezve chinhambwe.

51 Uye pane mumvuri mutema mukuru uri pamberi pedu, unonzi rufu. Uye pese apo moyo wedu paunorova, tinoswedera nedanho rimwe pedyo nawo. Rimwe remazuva ano, ucharova kekupedzisira kawo, uye tonopindamo. Ndinoda kuva panguva yangu, ndaita mugove wangu; sezvandinotarisira kuve ziri mumwe nomumwe wenyu, manheru ano. Kana ndoziva kuti rwuri pamberi pangu chaipo, uye ndinofanira kusangana narwo, handidi kuva mbwende. Ndinoda kuzviputira nenguo yekururama kwaKe, ndichipinda marwuri, ndichiziva izvi, kuti ndine chokwadi chekuti ndinoMuziva muSimba rokumuka kwaKe. Ndizvozvo. Kuti, paAnodaidza kubva kune vakafa, ndichadaidzwa pamwe chete navo avo vapenyu. Mwari ndiMwari wevapenyu.

52 Zvino, pavaifamba munyika ino, takaona kuti Mwari vakaita za—vakavaitira zano. Vakaunza rudzikinuro, kubudikidza

neropa. Zvino tinoona kuti, Vanounza rudzikinuro, zvakare, kubudukidza nesimba.

53 Takaona, husiku hwemarimwezuro, kuti Vakaita kuti ropa rigoiswa; waiva mufananidzo wakaisvonaka wemutendi, kuti, kana agamuchira rufu rwaKristu panzvimbo yake, anobva ava mwana waMwari. Anotanga rwendo rwake.

54 Zvino, chinhu chinotevera chaanofanira kuva nacho... mushure mekunge aponeswa, pamweya.

55 Zvino, rufu rwegwayana risina mhosva rwakaunza hupenyu kumutendi ane mhosva. Hausi mufananidzo wakakwana here uyu? Rufu rweChisina mhosva, rwuchipa Hupenyu kune uyo ane mhosva. Uye rufu rwaKristu asina mhosva rwunounza Hupenyu kwatiri vane mhosva.

56 Zvino, kutanga, zvino, mushure mekunge Mwari vavapa hupenyu kubudikidza neropa, ndokuzviratidza, kuti rufu rwakavadarika, Vakavaita kuti vatange rwendo rwavo. Tichazosvika kwavari mushure mechinguva.

57 Zvino cherechedzai, zvino, chinhu chinotevera chakaitwa naMwari, pavakangova vatendi uye nevana, ndokugamuchira Mwari, muvengi werufu rwepanyama akavatevera. Akavaisa parumananzombe, kumusoro uko; negwenga kune rumwe rutivi; Gungwa Dzvuku kune rumwe; makomo kune rumwe rutivi; Hondo yaFarao ichiuya, ichivadzingirira, mamiriyoni emasoja achiuya mukufamba uku, kuzovakunda.

58 Zvino, Mwari vakaratidza kuti Vakanga vavapa hupenyu, kubudikidza nerufu rwegwayana; zvino Vari kuzovaratidza rudzikinuro rwepanyama. Hareruya! Munoona, zvose kuitira ruponeso nekupodzwa, munoona, kumunhu wenyama nemunhu wemweya.

59 Mutumwa werufu akapfuura, zvichiratidza kuti Mwari vakanga vagadzira nzira yekupukunyuka nayo, kubudikidza nechipiriso cheropa, uye vakachigamuchira. Zvino Vachaita nzira yekupunyuka kubva kurufu rwepanyama.

60 Semutendi, paanongoponeswa. Pamwe kenza yakamudya, kana chimwewo chirwere. Mwari vane rudzikinuro, zvakare, kubudikidza nesimba. Zvimwe chete sezvaVaine rudzikinuro rwemweya, Vanewo rudzikinuro rwemutumbi. Rwaiva irwo...

61 Vakaponeswa, uye vakadzingiswa. Vakanga vari pasi peropa, asi, zvakadaro, Farao akanga achizo... Muvengi akanga achizovaparadza, kuvauraya vose murenje imomo, ipapo Mwari ndokuratidza simba raVo rerudzikinuro rwemutumbi wavo. Mazvibata here? Maziva here zvandiri kutaura nezvazvo? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Rudzikinuro nesimba! Zvino, muvengi paakanga ava pedyo navo chaipo, Shongwe yeMoto huru yemweya yakasimuka kubva pamusoro peIsraeri, ikauya kuno uku ndokumira pakati pavo nerufu.

62 Regai zvisinine kwekanguva. Murikuona here zvandiri kutaura nezvazvo? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti]

63 Zvino, kumutendi wose, mwana waMwari akazvarwa patsva, kana rufu rwauya rwuchiverevedza pamusuwo, nguva isati yakwana, Mutumwa waMwari anomira pakati pako nehurwere. Zvino, kana uchida kumhanyira kwarwuri chaiko, ibasa rako iwe; asi hausungirwe kuti udaro. Maona? Akamira pakati pako nerufu.

64 Makore 23 apfuura, muJewish Hospital, Chiremba Morris Fletcher vakandipa maawa 3; mumwe wavanachiremba venyu vakanakisa vanovhiya muno muguta, akandipa maawa 3 ekurarama. Ndiri kurarama, manheru ano. Hareruya! Sei? Nenyasha dzandisina kukodzera, Mutumwa waMwari akamira pakati pangu nerufu, kuti andidzivirire, uye ndakaZvigamuchira. Uye ndichipa kutenda, nenyasha dzaMwari, ndakawana hafu yemiriyoni yemweya yevanhu kwaVari, manheru ano.

65 Oo, Mwari vanoziva maitirwo ezvinhu, kana tikangotevera bedzi. Usaedza kutungamirira Mwari. Rega Mwari vakutungamirire iwe. Maona? Isu ndisu tinofanira kutungamirirwa. Ndinofunga kuti ndicho chikonzero Mwari vakatifananidza nemakwai.

66 Wakamboona gwai rakarasika here? Handiti, ndicho chisikwa chinopererwa zvachose munyika. Harigone kuwana nzira yaro. Rinongomira rochema kusvikira radyiwa nemhumhi, kana kuti rinofirapo. Harikwanise kuwana nzira yaro yekudzokera.

67 Uye ndizvo zvazvirì, kuti, kana munhu arasika, anopererwa zvachose. Hapana chaunokwanisa kuita nezvazvo. Mwari, kubudikidza nenyasha, vanofanira kukutungamirira kuna Kristu. Jesu akati, "Hapana munhu angauya kwaNdiri, kunze kwekunge Baba vamukweva. Uye vose vaVanokweva, vanouya, Ndichamupa Hupenyu husingaperi." Ivimbiso yakadini!

68 Oo, ndinoshuva kuti dai ndaikwanisa kuita kuti munhu wese ari muno, kuti zvidzike pasi-pasi pembabvu yechishanu kuruboshwe, kusvikira zvarova pakati-kati pemoyo. Waizoona vanhu vachingosimuka, vane marudzi ese ezvirwere zvakarembera pavari, vachifamba vachibuda muchivakwa chino, vachifara, vachiramba kuva nacho. Zvirema zvaizofamba zvinongova zvemazuva ese chaizvo. Vaizoramba kuziva chero chimwewo chinhu. Maona?

69 Unotya. Unotya kutongotanga kwacho. Wakamirira kuti Mwari vagoburuka vokudhonza kubva mazviri. Mwari havaite saizvozvo. Iwe ndiwe unofanira kutora danho racho. Ivo vanopa vimbiso, vobva vati, "Handeyi," iwe wobva watevera.

70 Zvino cherechedzai vana veIsraeri, ipapo. Mwari vakauya ndokumira pakati pavo nenjodzi; simba rerudzikinuro. . .

rudzikinuro kubudikidza nesimba, waro. Rudzikinuro kubudikidza neropa; rudzikinuro kubudikidza nesimba.

71 Manheru apfuura takavasiya, vachingokambaira vachikwira pamahombekombe, mhiri kweGungwa Dzvuku. Vavengi vose, mavhiri engoro dzavo akanga abviswa. Mabhiza avo akavhundutswa, pakati perwizi chaipo, zvino aingokomukira kumativi ose, achienda *uku*, uye mavhiri akabatwa mumatope ndokuzvomoka. Uye neboka revarume richingomhanya serabatwa nemamhepo, iye muvengi wacho. Zvino Israeri yakakwira pamahombekombe, kuti ione Mwari vachitambanudza ruoko rwaVo nokuparadza muvengi wose.

72 Mufananidzo wakanaka chaizvo, mutendi, ari pasi peRopa; akanga apodzwa ipapo nemumiriri, simba raMwari richiponesa hupenyu hwake, richihurebesa kwenguva yakatarwa. Vangadai, mumwe nomumwe wavo, akauraiwa ipapo pacho; angadai akavaita kanyama-kanyama murenje imomo chaimo, dai Mwari vasina kumira pakati pavo. Ini ndingadai ndakafa, kare-kare, dai Mwari vasina kumira pakati pangu nerufu. Mutendi wese ari muno angadai akafa, kare-kare, dai Mwari vasina kumira pakati pako nerufu; mumwe nomumwe wenyu. Saka, Mwari, munyasha dzaVo dzinozvitongera pamwe netsitsi, vanomira pakati pemutendi nerufu. Hareruya!

73 Hezvinoi izvi. Zvino chii chinotevera kumutendi? Chinhu chinotevera rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene zvino. Mosesi akatungamirira vana vaIsraeri kusvika kuGungwa Dzvuku, vakabhabhatidzwa muGungwa Dzvuku. Gungwa, mvura, ichimiririra Mweya. Paakarova Dombo, mvura yakabuda. Uye waiva mufananidzo waKristu, muna Johane 3:16. "Mwari vakada nyika nokudaro, Vakapa Mwanakomana waVo akaberekwa ari oga, kuti ani naani anotenda maAri arege kuparara, asi ave neHupenyu husingaperi." Cherechedzai, vanhu vaiparara, murenje, vakaponeswa neDombo rakarohwa. Uye vanhu vari kuparara vanoponeswa nhasi (kuparara muzvivi, kuparara mukusarurama) nokuti Mwanakomana waMwari akarohwa akatora nzvimbo yavo; mvura, Mweya, zvichiyerera!

74 Tarisai, ndinoda kuti muzvione zvino, pavakapfuura nemuGungwa Dzvuku, waiva mufananidzo wekugamuchira Mweya Mutsvene. Mushure mokunge mutendi adzikinurwa kubva kurufu, kupinda muHupenyu; simba raMwari rapodza mutumbi wake; zvino ava nhengo yerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Zvino ane rwendo, mhiri uko, mberi kwake; asi, asati asangana nerwendo irworwo, anofanira kuva nechimwe chinhu chinozomutakura. Ameni. Mufananidzo wakakwana wePentekosti!

75 Cherechedzai, pavaikambaira vachibuda kumahombekombe. . .Mutendi wese, kana wapinda uye waponeswa, wagamuchira Ropa raJesu, unomboramba uchiedza

kubatirira pane *ichi* nekubatirira pane *icho*, uye haugone kusiya *ichi* zvakare haugone kusiya *icho*. Mushure mechinguva, Mwari vanogona kukuitira zvinhu zvakanaka; asi haugone kusiya midzanga yako, unombonwa doro mukutandara nemabhururu ako apo nepapo. Asi chaunofanira kuita kuyambuka nemuGungwa Dzvuku.

76 Pavakabuda kune rumwe rutivi (Hezvoka izvi, ndinoda kuti muzvione.), pavakabuda kune rumwe rutivi, vakakambaira vachikwira pamahombekombe ndokucheuka, ndokuona vose vashandisi vane utsinye vakanga vambovarova, nekuuraya vamwe vavo. Sezvakangoita kenza nemidzanga nedzimwe fodya nehwiski nezvimwe zvose, zvinopengesa vana vadiki, zvinovaendesa kunzvimbo dzevanorwara nepfungwa, muzvipatara, boka remipengo nezvimwe zvose zvakaberekwa munyika. Pavakacheuka ndokuona zvinhu zvose izvi zvichitambudzika, zvisina anobetsera, uye zvichifa mugungwa, hama, taura nezvemusangano; vakava nemumwe!

77 Mosesi! Oo, ndichaita kuti izvi zvisinine pakadzika. Ndinovimba zvichadzika zasi. Mosesi, muporofita mukurusa ati amborarama, kunze kwaJesu Kristu. Hakuna kumbova nemunhu uyo Mwari vakambotaura naye, sezvaAkaita naMosesi, kunze kwaKristu. Vakati, "Kana paine munhu wemweya, kana muporofita, pakati penyu, Ndichamuratidza zviratidzo uye Ini ndichazvizivisa kwaari. Asi kwete muranda wangu Mosesi; Ndinotaura naye muromo kunzeve." Ndizvozvo.

78 Mosesi, murume uyu ane chiremerera. Paakangopfuura nemuchiitiko ichocho, akaona vese vaya vashandisi vane utsinye vafa, aiziva kuti zvinhu zvose zvakanga zvaenda zvachose ipapo. Zvinhu zvose izvo zvainge zvambovatinha, nekuvarova, nekuvazvambura, zvaive zvaparara. Akasimudza maoko ake akaimba mumweya. Oo, ini zvangu!

79 Hazvina kumbobvira zvafananidzirwa, uye hazvisi kuzodaro, kusvikira tasvika muKubwinya kumusoro uko. Pakapedziswa basa ipapo, akaimba ari muMweya. Uye kana tadzikinurwa mumutumbi . . .

80 Uyu waiva mufananidzo weMweya Mutsvene uchiuya paPentekosti, patakapfuura nemugungwa. Waive mufananidzo wePentekosti. Zvino Mosesi, mune chai- . . . mumufananidzo kumashure uko, paakapfuura naimomo, akaimba muMweya. Wakauya neZuva rePentekosti. Uye kana mutumbi wakwaniswa, wadzikinurwa . . . Zvino mweya wedu wadzikinurwa zvakakwana, ndizvo, "haugoni kuparara; une Hupenyu Husingaperi." Zvinotaurwa neBhaibheri!

81 Oo, ndiri kunzwa zvakanaka. Cherechedzai kuti sei. Nokuti ndinoziva kuti iZVANZI NAJEHOVHA. Kungorovera mweya wangu hoko ipapo, ndoenderera mberi, ndoti, "Satani, chingoshita hako zvese zvaunoda, kwandiri. Hazvimbondinetsa,

nekuti ndinoziva Uyo wandakatenda, uye ndakagutsikana kuti Anokwanisa kuchengeta chandakaisa kwaAri kuitira Zuva iroro." Ameni.

82 Chatinoda manheru ano rumutsiriro rwakanaka, rwechinyakare, rwaBilly Sunday, rwekuzviputsa, rwehareruya, ndizvo zvatinoda kwese muLouisville muno. Ndizvozvo, tinoda rumutsiriro rwepentekosti rwakanaka, rwechinyakare, rwakatumwa naMwari. Hongu, changamire.

83 Cherechedzai, zvino, kana mitumbi yedu yadzikinurwa... Zvinova kuti, tine kupodza kwaMwari zvino, semumvuri.

84 Sezvo wakanga uri mumvuri ipapo wePentekosti, tarisai zvavakaita munguva yemumvuri, yeruponeso. Tarisai mafambiro avakaita ikoko pamberi paMwari, "Vakadzima... kumativi nezvakadaro...kwemoto, nokupunyuka kuchekwa nemunondo," zvinhu zvose izvi zvavakaita, "vakabuda mumavira emoto; kubva mugomba reshumba, nezvose," nemumvuri, hareruya, nemumvuri wePentekosti.

85 Zvino tine rudzikinuro rwakakwana kuburikidza neRopa raKristu. Vaisakwanisa kuva nerudzikinuro rwakakwana ipapo, nokuti rwakanga rwuri pasi peropa renzombe nembudzi, uye haringabvise chivi; raingofukidza chivi. Asi Ropa raJesu parakadeurwa, Ropa dzvene rakarurama kwazvo, zvivi zvakanga zvisisina kungofukidzwa chete; zvakarambwa ndokuraswa, zvino mutendi anoenda muHupo hwoMuumbi wake. Hareruya!

86 Kana vakaita izvozvo kareko, mumvuri ipapo, waMosesi achiimba muMweya; zvino, umo muna Zvakazarurwa, avo vane rudzikinuro rwakakwana rwemutumbi, vakamira pagungwa regirazi vakaimba rwiyo rwaMosesi zvakare, umo muBhuku raZvakazarurwa.

87 Taura nezve mu—musangano weMweya Mutsvene? Vakava nawo pavakakwira pamahombekombe aya. Inzwaka, hanzvadzi. Miriami mudiki akadzikama, muporofitakadzi, hanzvadzi yaMosesi, muporofitakadzi, akafara zvikuru zvekuti akatora tamborini ndokumhanya achidzika nemahombekombe, achiridza tamborini iyi, achitamba muMweya. Kwete izvozvo zvoga, asi vanasikana vose veIsraeri vakamutevera, vachitamba muMweya. Kana usiri Mweya Mutsvene uchidonha, handisati ndamboona mumwe. Handiti, chaizvoka, idzo, ndudzi dzose dzetsika, dzine chiremerera dzaigona kunge dzakatarisa nepamabhainokura avo ndokuona izvozvo, vanogona kunge vakati, "Kupengereka." Ndizvozvo. Asi vakanga vari Mwari. Ndizvozvo!

88 Zvinhu zvine chiremerera zvinotarisira pasi, nhasi, pane zvakaropafadzwa naMwari. Ndizvozvo!

89 Zvinondiyeuchidza imwe nyaya. Mumwe murume aive nepurazi hombe kwazvo rakanaka. Akavaka matura makuru

kwazvo akanaka, ane chiremera uye emhando yepamusoro chaizvo, asi aive nehusimbe hwekurima. Zvakanaka. Paiva nemumwewo murimi aigara pedyo naye; akanga asina ratingati dura rakanaka, asi aiva murimi chaiye, uye akanga aisa zvokudya zvizhinji zvakanaka mudura iroro gore iroro. Uye pane tumhuru 2 twakaberekwa, kamwe mudanga iri nekamwe mune rimwe racho. Pakasvika nguva yepfumvudza, vakabvisa tumhuru utwu kubva mudanga.

90 Kamhuru kaya kekudivi rino, kainge kadyiswa zvakanakisa, ini zvangu, pakakatanga kurohwa nemhepo iya, oo, ini zvangu, kakarovanisa zvitsitsinho zvako, ndokuenda, nesimba rose rakaiva naro; kachifemuruka, nekusvetuka, nekuita murambamhuru, nekuenderera mberi.

91 Zvino mumwe murimi uya akaburitsa kakewo, ikoko. Kaive—kaive kasina chekudya kunze kwemasora; aine husimbe hwekurima, aine usimbe hwekukapa chikafu.

92 Zvinondirangaridza nezvevamwe vevafundisi ava. Ndizvozvo! Ndizvozvo! Husimbe hwakanyanyisa! Hazvina kana basa. Uye matura anongori nechiremerera chete ndiwo amunawo. Isai Chikafu imomo chemhuru iyo! Ndizvozvo. Ndizvozvo. Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, rwunoparidzwa nesimba, rwunovapisa. Ndizvozvo. Asi ndizvo zvacho zvavanoda, kupiswa kwakanaka kwechinyakare; zvinodiwa nechechi, zvinodiwa nenhengo dzacho. Cherechedzai.

93 Uye kamhuru kekare aka kainge kakanganiswa. Kamuchinda aka kanonzwisa urombo, kakabuda mudanga, kakaondoroka zvokutotadza kufamba. Zvino kakadongorera zasi nepamutswi, ndokutarisa mhiri.

94 Ndokuona imwe mhuru iya ichingozvifarirwa hayo. Yakanga yakakora uye yakaurungana. Yainzwa zvakanaka. Yakanga ichidya nemuchando mose.

95 Uye mhuru iya, yainge yakaziya nenzara yakatarisa ikoko, ikati, "Kupengereka uko!" Ini zvangu! Chokwadi, yakanga yakaonda zvekutadza kufungawo chimwewo chinhu.

96 Asi, ndinokuudzai, apo iya yakakora, nguva yose yechando, hama, yaiziva kwayakanga iri. Yakanga ichifara mhepo iya inodziya payakatanga kufefetera pairi.

97 Uye chero munhu akaberekwa neMweya waMwari, vanomudana kuti mupengo kana chimwewo chinhu. Asi kana mhepo iya inodziya, yepfumvudza, yeMweya Mutsvene ikatanga kuuya sezvaWakaita paZuva rePentekosti, chimwe chinhu chinotoitika. Ndizvozvo. Mhepo inodziya ikatanga kufefetedza; hama, imi mose makakodzwa neEvhangeri, makaurungana uye muchinzwa zvakanaka. Munokavanisa zvitsitsinho zvenyu nekuva nenguva yakanaka.

98 Ndizvo zvakaitwa naMiriamu nevamwe vose. Vakatarisa shure zasi ndokuona zvinhu zvose zvekare zvavakamboita, zvakanga zvafa uye zvaenda. Vakanga vaona Mwari vachigamuchira ropa; ndokuona simba raVo mukupodza kwaMwari, rakamira pakati pavo; vakauya nemuGungwa Dzvuku, ndokubhabhatidzwa neMweya; vakafamba kune rimwe divi, vachingova nenguva yakanaka havo. Havana kuita hanyn'a neizvo. . .masangano ose zvaakafunga nezvazvo. Ameni.

99 Mufananidzo wakakwana nhasi, wemutendi achaita hushingi hwekubuda!

100 Mwari vakavimbisa kuti vaizovapa zvose zvavanoda. Vakavimbisa kuti vachatipa zvese zvatinoda. Havana kumbovaudza kuti, "Ndichagadzira nzira yekupodzwa; Ndichagadzira nzira ye*izvi*; Ndichagadzira nzira ye*izvo*." Vakati, "Ndichava nemi!" Hareruya!

101 Ndizvo zvaVakataura kwatiri. "Ndichava nemi, kunyangwe mamuri, kusvika kumagumo enyika." Ndizvo chete zvandinofanira kutaura. Haufanire kuita nharo pane *izvi, izvo,* kana *zvimwewo*. Kana Vari pano, zvakaringana neni; Kupodza kwaMwari kuri pano, Simba riri pano. Zvese zvaAiva ikoko, ndizvo zvaAri zvino, "Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi." Saka, unogona kutora dzidziso yako yebhaibheri wonyura nayo. Hama, ndinotenda Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi; akati, "Ndichava nemi, kunyangwe mamuri, kusvika kumagumo enyika." Hongu.

102 Ipapo vakabuda, uye Vakanga vainavo. Zvino akati. . . Oo, vaive netswanda diki yechingwa pamisoro pavo; chose chakadyiwa chikapera. Vakanga vasisina kana. Vakaenda kunorara, vaine nzara usiku ihwohwo. Asi mangwanani acho akatevera pavakamuka, paiva nechingwa chakanga chiri pasi kwese-kwese.

103 Ndiwo maitiro anoita Mwari zvinhu; vanokusiya uchisvika kwekupedzisira, zvino vozokuratidza zvaVanogona kuita pamusoro pazvo. Ndizvozvo. Vanoda chaizvo kuita izvozvo. Vanoda kuzviita. Vanoda chaizvo kushamisa vanhu vaVo.

104 Iwe murume unofarira kudaro kumudzimai wako. Kumirira kusvika pabhavhadhe rake, wongomusiya ari pasi pekungofungidzira, nekuti unomuda.

105 Ndicho chikonzero Mwari vachitirega tichisvika kumagumo enzira imwe nguva, nokuti vanotida uye vanoda kuratidza chaVo chemweya uye nesimba raVo. Nokuti Vanotida, ndicho chikonzero Vachizviita. Hongu. Vanongotisiya tichidzika kusvika panzvimbo yatinenge toda kutora nhano yekupedzisira, zvino Vanobva vasvika panzvimbo.

106 Vakasiya vana vechiHebheru vachifamba kupinda muvira remoto chaimo, asi paiva neMurume wechina akamira ipapo aine

feni, achiita kuti moto usasvike pavari. Maona? Anogara aripo. Haambofa akabva panzvimbo. Anogara ari pedyo. "Mutumwa waJehovha anokomberedza avo vanoMutya."

107 Ipapo, usiku ihwohwo, vakanonga chingwa ichocho mangwanani akatevera acho. Ndiri kuona vaIsraeri ivavo vakanga vachangobva mukuyambuka Gungwa Dzvuku; vakanga vachangobva kudzikinurwa neropa; vakaona Simba raMwari rekupodza, kana kuti Simba reminana rakamira pakati paMwari . . . uye pakati peIsraeri neEgipita; uye rakanga ranyudza vavengi shure kwacho.

108 Sezviri kenza yekare yaenda zvachose, hupofu hwaive hwaenda, humatsi hwaive hwaenda, chirwere cheshuga chaive chapera, zvose zvanyudzwa kumashure uko muRopa raJesu Kristu. Unonzwa sei? Ini zvangu!

109 Uchifamba hako uchidzika nemugwagwa, zvino mumwe mutsoropodzi wekare obva ati, "Zvino chimbomira zvishoma! Une chokwadi nazvo here iwe?"

"Usataure neni." Ameni. Oo, ini zvangu!

110 Ndiri kuvaona kunze ikoko, vachingounganidza nokuunganidza, vachidya, vachiva havo nenguva yakabwinyiswa. Sezvingori musangano wechinyakare, weMweya Mutsvene. Ipapo panouya Mweya waMwari uchienda pane mumwe mutsvene mudiki, unosvikapo; wopinda mumoyo saizvozvo, zvino odanidzira, "Ishe ngaVarumbidzwe!" Uchingova musangano wechinyakare saizvozvo. Hongu, changamire. Vaingouwana kubva kune rumwe rutivi kuenda kune rumwe, vachiva havo nenguva yakanaka.

111 Zvino, chingwa ichocho hachina kumbobvira chapera. Chakaenda nzira yose murwendo irworwo, kwavari. Ndizvozvo. Uyu waiva mufananidzo wakakwana wePentekosti matiri. Zvaiva panyama. Chingwa ichocho hachina kumbopera. Chakaramba chiri chingwa chimwe chete, kusvikira vapinda munyika yechipikirwa. Ndizvo here? Imi vaverengi veBhaibheri munozviziva. Zvino paya isu . . .

112 Chechi yakavambwa paZuva rePentekosti, vatendi pavaive kumusoro ikoko. "Zvino kwakauya ruzha semhepo inovhuvhuta nesimba, ndokuzadza mumba mavakange vagere." Mweya Mutsvene mumwe chete ipapo, unowawo zvino. Uchaenderera mberi kubva panguva iyoyo kusvika pakuguma kwenguva. Uchaenderera mberi kusvika kumagumo. Ndicho chingwa chedu. Ava vakadyiswa chingwa chepanyama; isu tinodyiswa chingwa chemweya.

113 Jesu akati, "Ndini Chingwa cheHupenyu chinobva kuna Mwari, kubva kuDenga."

114 Vakati, "Madzibaba edu vakadya mana murenje, kwemakore 40."

Akati, “Ivo, vose zvavo, vakafa.” Hongu, changamire.

115 “Asi uyo anodya nyama yaNgu nekunwa Ropa raNgu, ane Hupenyu husingaperi, uye Ndichamumutsa mumazuva ekupedzisira. Ndini Chingwa cheHupenyu chakabva kuna Mwari, kubva kuDenga. Kana munhu upi zvake akadya Chingwa ichi, haazombofi.” Hezvoka izvo. Vaiva nechepanyama; isu tine chepamweya. Oo, handingachitsinhanise nechero hacho. Zvinoshamisa!

116 “Oo,” unoti, “Hama Branham, tese tinoziva kuti muri mupengereki.” Manjeka, neniwo ndinozviziva, zvakare. Ini ndiri benzi raKristu. Iwe uri benzi raani? Unogona kunge uri benzi radhiyabhore. Zvakanaka. Saka, ndingasva hangu ndava benzi raKristu, haungavewo here? Zvakanaka.

117 Cherechedzai, hechino chimwe chinhu pamusoro pemana iyoyo. Pavakatanga kuiravira, vakati ivo, “Inonaka sehuchi.” Hongu, yaitapira. Ndiri kutoona vatsvene vekare ava vachiridza miromo yavo uye vachidya zvavo. Yaive yakanaka.

118 Wakamboravira *iRi* here? *Iri* rakanakawo, zvakare. Akati, “Ravirai henyu muone, Jehovha wakanaka. Zvinotapira sehuchi mudombo.” Ndinowanzotaura izvi, kakawanda. Kuti, apo Dhavhidhi wekare, uyo akazvitaura izvozvo muPisarema rake, akati, “Zvinotapira sehuchi mudombo.”

119 Dhavhidha, semufudzi, aive nekabhegi kemufudzi, kavaitakura padivi pavo, uye vaigara vakatakura huchi makari. Vafudzi vekare vanodaro, nazvino, mu—muParastina. Uye kana gwai ravo—ravo rinorwara rikaenderera mberi, zvino, chinhu chekutanga munoziva, aipinza ruoko kuti atore chimedu chehuchi uhu, uye aihutora ohukwizira padombo, dombo relimestone. Zvino gwai rinofarira huchi uhwu, saka rinonanzva huchi uhu padombo. Uye pane chimwe chinhu pamusoro pe limestone chinopodza makwai anorwara.

120 Uye ndinokuudzai, tine bhegi rakazara nehuchi pano manheru ano, uye tichahuisa paDombo, Kristu Jesu. Uye makwai anorwara monanzva henyu, mune chokwadi chekupora. Ndizvozvo, ingonanzvai, monanzva, monanzva. Zvino pauri kunanzva huchi, manje, une chokwadi chekuwana imwe yelimestone iyi. Zvinongova zvechokwadi chizere chaicho. Zvino, hatisi kuzohuisa pachechi. Tiri kuzohuisa pana Kristu, pahunofanira kuva. Ndizvozvo. Nokuti, kupodzwa kunowanikwa muna Kristu, ameni, semamwe maropafadzo ese erudzikinuro. Cherechedzai.

121 Uye chimwe chinhu. Pacho pachakatanga kudonha, Aroni akarayirwa kuti abude otora maomeri azere nacho mazhinji.

122 Zvino, kana vakaedza kuchengetera chimwe zuva rechipiri, chaishata. Uye ndizvo zvitoripo kwazvo pakati pevanhu veMweya Mutsvene manheru ano. Muri kuedza kufunga kuti, “Zvakanaka, makore 20 apfuura, takava nemharidzo yakanaka.

Takava ne—takava nenguva yakanaka." Chii chamunacho manheru ano? Ndiyo nyaya yacho. Ivo . . .

123 Chaidonha husiku hwega-hwega. Hachina kumbokundika kana kamwe chete zvako, kunze kwemusi we—weSabata. Ndizvozvo. Uye zvino Mwari vaichitumira pasi, chiri chitsva, husiku hwega-hwega; zuva nezuva, awa imwe neimwe, chaiuya.

124 Cherechedzai, maomeri aya akazara akachengetwa. Vakati, "Zvino, tarisai, pamunopinda munyika, zvino vana venyu votanga kubvunza pamusoro peizvi . . . " Vakati, "Muprisita wose zvino anopinda muhuprisita, mushure mekunge apiwa mvumo yekuuya munzvimbo Tsvene, nezvakadaro, nokugadzwa, kuva muprisita, zvino aiva nekodzero yekupindamo zvino ozadza mukanwa kamwe nemana chaiyo yakawa pakutanga." Yekutanga chaiyo wakawa, vakainhonga vakaisa muomeri, ndokuichengeta, uye yaingochengeterwa vapirisita.

125 Zvino unoti, "Hama Branham, izvozvo zvinofananidzirei nhasi?"

126 Handiti, isu tiri vaprisita. "Muri vaprista vehumambo, rudzi rutsvene, vanhu vane musiyano, vanopirisa zvibayiro zvitsvene kuna Mwari, zvibereko zvemiromo yenyu muchipa kutenda kuZita raKe." Ameni. Hezvoka izvo. Zvino, ipapo, paZuva rePentekosti, apo Mweya Mutsvene wakanga uchiburuka; mana yedu.

127 Zvino, muprisita wose kumashure uko, pasi peTestamende Yakare, pavanopinda kuzova muprista, vaiziva kuti vaizozadza mukanwa nemana yepakutanga; kwete imwe yakagadzirwa, imwe yakagadzirwa nevanhu yakaita sayo. Asi vakanga vachizowana iyo yacho epakutanga.

128 Zvakanaka, paZuva rePentekosti, mana yedu payakatanga kudonha, Mweya Mutsvene wakauya semhepo iri kuvhuvhuta nesimba. Paiva neboka revanhu vadiki, vaive vakadzikama, 120, muimba yepamusoro; mikova yakavharwa, mahwindo akavharwa, vagere seri imomo, vakamirira vimbiso. Hongu, vakambova naJesu, chokwadi. Vaiziva simba raKe, nezvose izvozvo, asi vakanga vakamirira vimbiso.

129 Ndizvo zvatinoda manheru ano. Kuva . . . Kana boka iri revanhu rikagona kuva muhumwe, sezvavaive husiku ihwohwo, chinhu chimwe chetecho chinodzokorora manheru ano, imo muno muchivakwa chino, muLouisville, Kentucky, chakadzokororwa paZuva rePentekosti. Ndizvozvo. Oo, hongu chaizvo, vanozongova nemhando imwe cheteyo yevatsoropodzi muno muLouisville vavaiva navo ikoko. Asi, ivo vose vakanga vari panzvimbo imwe, vari muhumwe. Zvino kamwe-kamwe . . .

130 Kwakauya mushumiri kumusoro, uye aive netsamba, uye vakasaina mazita avo ndokuva nhengo dzeruwadzano, ndokupinda mukuyanana kwemuchechi? Zvinogona kunge zviri nhasi izvozvo, asi zvakanga zvisina kudaro ipapo. Ndiwo

maitiro anoita maProtestanti. MuKatorike anofamba vachienda kuartari otora chirairo chake chekutanga; oburitsa rurimi rwake kunze, otora kahwendefa; uye muprista ndiye anonwa waini yacho. Zvino anobva ava izvozvo.

131 Asi, hama, "Pazuva rePendekosti, vakanga vari muhumwe, vari panzvimbo imwe, zvino kamwe-kamwe kwakauya ruzha kubva Kudenga," munhu aive asina chekuita naZvo, "semhepo inovhuvhuta nesimba. Ikazadza imba yese yavainge vagere." Iro Simba raMwari rikarova pamusoro pavo! Havo hutu kuenda mumugwagwa, vachiita seboka remipengo; sezvavakaita zasi uko pavakauya nemuGungwa Dzvuku. Ndizvo here? Vakazhambatata. Vakaenderera mberi. Vakadzedzereka. Vakakakama nemiromo yavo.

132 Ivo, oo, kufarisa kukuru kwakadaro, iwe . . . kusvikira vanhu, kereke yakadzikama, yakamira kumashure uko ndokuti, "Vanhu ava vakadhakwa newaini itsva.

133 Hareruya! Muri kuzondidana kuti "muumburuki mutsvene," zvisinei, saka chitotangai henyu iko zvino. Horaiti.

134 Tarisai, vakanga vaguta neWaini itsva, ndizvozvo, Waini yaibva kuna Mwari, kubva kuDenga. Wakamboona munhu akadhakwa here? Anongova nerudo nemunhu wese, munoona. Haana kana basa nazvo. Ndizvo zvakaitawo munhu kana adhakwa neMweya. Bhaibheri rakati, "Regai kudhakwa nedoro, zvakanyanyisa, asi dhakwai neMweya." Mweya waMwari unokuita kuti udhakwe kwazvo, zvekuti unokanganwa vavengi vako vose, nezvose. Munhu wese anenge ari murudo newe. Haana basa nekuti ndiani akamira pedyo newe. Iwe ndiwe munhu mukurusa munyika panguva iyoyo.

135 Handina basa kana muvakidzani wako, agere pedyo newe, achienda kune imwewo chechi inozvibata zvakadzikama; ingorega Mweya Mutsvene uuye pauri imwe nguva, uone zvinoitika. Nyatsodhakwa chaizvo, zvakanyatsonaka, zvekuraradza, uchaona zvinoitika. Iwe uchati, "Hanzvadzi, ndinaWo! Iwe unoUdawo, zvakare!" Ndizvozvo. Hongu, changamire, chimwe chinhu chichaitika.

136 Havoka avo, vakadhakwa neWaini itsva. Zvino, teererai, vamwe venyu imi hanzvadzi pano, munoziva here kuti mhandara yakaropafadzwa Maria aivewo mazviri? Zvino, akatoendawo kumusoro ikoko. Amai vaJesu Kristu vakatoendawo kumusoro ikoko uye vabatanidzwe muboka iroro revanhu, akanyatsodhakwa neMweya kusvikira akadzedzereka sekunge akadhakwa nehwiski kana chimwewo chinhu.

137 Zvino iwe unofunga kuti uchasvika Kudenga nekungoverevedza uchienda kuchechi wakaisa bhuku rako renziyo muhapwa mako, nekufamba uchiedako Svondo yega-yega mangwanani, uye bhero rorira, zvino wogara uye woteerera pane mamwe e . . . wofamba uchidzoka? Haufe wakazviita.

138 Unofanira kuuya nenzira iyoyo, nokuti ndiyo nzira yega Mwari yavakatara, uye yakambovapo. Uye uchaifamba, kana kuti hausi kuzovako. Handisi mutongi wako, asi ndiri kuparidza Evhangeri. Ndicho Chokwadi chaicho. Mhandara yakaropafadzwa yaiveko, ichiita zvehupenzi sezvaiita vamwe vese, yakangodhakwa sevamwe vese. Varume nemadzimai ava, mumwe nemumwe wavo, akanga akaguta neWaini itsva. Kana Mwari vakazomboshandura hurongwa ihwo, isa munwe wako undinongedzere paGwaro racho; harimo. Kwete, changamire. Zvakaramba zvichienda kunosvika kumagumo ezera, nenzira iyoyo, kusvika kumagumo eBhaibheri, uye zvichava zvimwe chetezvo panouya Jesu.

139 Tarisai! Pavakanga vakadhakwa neWaini itsva iyoyo, tarisai, toona kana Mwari vakaisawo omeri yakazara kumusoro iri yenyu mose. Zvakanaka.

140 Hevanoi vose vakamira kunze ikoko, zvino kamwe kamuparidzi kekare kaiita sembwende kainzi Petro, "dombo duku," akanga achitya zvikuru nzvimbo yake kusvikira akaramba Jesu, ndokumhanya akanonamata kwazvo, uye akatozoungana pamwe chete navo. Akamira pachibhokisi chemapuranga kana chimwe chinhu, ndokuti, "Nhai, imi varume veJudhea, nemi munogara muJerusarema!" Vaiva vanachiremba ava, maD.D. Oo, akati, "Imi varume vano . . . nevarume veIsiraeri, nevagari vemuJerusarema, nekwakadaro, izvi ngazvizikanwe kwamuri. Ava havana kudhakwa, sezvamunofunga, muchiona kuti ingori awa yechitatu yezuva. Asi izvi ndizvo zviya . . . "

141 Kana izvi zvisiri iZvozvo, ndinoda kuchengetedza izvi kusvikira iZvozvo zvauya. Ndicho chinhu chimwe chete.

142 Akati, "Izvi ndizvo zviya zvakataurwa namuporofita Joere achiti, 'Zvichaitika kuti mumazuva ekupedzisira, ndizvo zvinotaura Mwari, Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose; vanakomana venyu navanasikana venyu vachaporofita; napamusoro pavashandirikadzi navarandakadzi vaNgu Ndichadurura Mweya waNgu, uye vachaporofita; uye ndicharatidza zviratidzo kumatenga kumusoro, nepanyika; neshongwe dzemoto, noutsi, nemhute; uye zvichaitika kuti, zuva guru raJehovha rinotyisa risati rasvika, ani naani achadana paZita raJehovha achaponeswa.'"

143 Boka riya revaprisita vokuzviitisa, rakapfeka nguwo refu, vanyengeri, vakati, "Tingaitei kuti tiponeswe?"

144 Petro akati, "Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene." Kwenguva yakadii? "Nokuti vimbiso iyi ndeyenyu, nekuvana venyu, nekune avo vari kure, kunyangwe navose vachazodanwa naIshe Mwari wedu."

145 Zvino, munhu wose anotendeuka obhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, zvino Mwari vanomupa rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, haawane chimwewo chakada kuita semana yepakutanga, asi, haangowana kuzadzwa mukanwa nemana yepakutanga chete, asi anowana kuzadzwa kwemoyo wese neMweya Mutsvene mumwe chetewo.

146 Unogona kuti, "Imboisai mabhureki ipapo." Ndinoziva kuti ndiri kutaurisa pazviri, asi handina zvandinogona kuita nezvazvo. Cherechedzai, tarisai. Handisi kudaidzirisa kwamuri. Ndinogona kunge ndiri kuita maungira kubva pairi. Asi, oo, dai wanga uine manzwiro andinawo, waizodaidzirawo, zvakare.

147 Cherechedzai, oo, moyo uzere nemana yokutanga iyo yakadonha pakutanga; Mweya Mutsvene mumwe chetewo wakawa panguva iyoyo, uri kuwa iko zvino. Zvino Unozoenda kupi? "Kwamuri, kuvana venyu, avo vari kure," Louisville, Kentucky, "uye navose avo vachazodanwa naIshe Mwari wedu, vachagamuchira chinhu chimwe chetecho chatinacho pano."

148 Ndizvo zvaVakataura. Mwari vakazviropafadza. Akazviparidza. Mweya Mutsvene wakaUunza; ndinaWo; zvakatoringana. Ameni. Izvozvo, zvakatondinakira chaizvo. NdakaMutora paShoko raKe; Akazviita. Kana uchiUda, unogona kuva naWo, zvakare. Ndizvozvo.

149 Saka buda kubva mumamiriro a—akafa, ugomuka, ugongokuzunguza saizvozvo nekukumutsa. Uye chinhu chekutanga, iwe ukatarisa kwese-kwese zvino zvinhu zvese zvinotaridzika zvakasiyana kwauri. Muchinda uye wausingawanzotaura naye, uchamhanya kuenda kwaari wonotaura naye; hongu, changamire, unotongofanirwa kutaura naye, ndizvo chete. Oo, zvinhu zvose izvozvo, wodzorera maturusi ekare ematai aya, nezvose. . . nezvinhu zviya zvawakaba muhotera panguva iya. Tauro riya rawakamonera maforogo nemapanga zvawakaba patafura; uchakurumidza kudzokera, kunozvidzorera. Chokwadi uchadaro. Hongu, changamire. Unokuita chisikwa chitsva muna Kristu Jesu. Zvino tarisai kuna Maria. Oo, ini zvangu!

Tinofanira kukurumidza. Tiri kufambira mberi zvakanaka.

150 Hevo voenda, nemurenje zvino, mushure memusangano wechinyakare. Iye zvino vari parwendo rwavo. Hazvishamise here kuti vakatungamirirwa kuRenje chaiko reSini, kusvika kurenje chairo, kusvika kumusoro kuchi—chitubu chemvura inovava? Ungafungidzira here Mwari vachitora vana Vavo, mushure mokunge vaponeswa nekuzadzwa neMweya Mutsvene, kuzvitubu zvemvura inovava? Chokwadi. Vanoda kuratidza rudo rwaVo kwavari zvakare. Ndizvozvo. Vakasvika kumusoro ikoko.

151 Munoziva, kana wawana Mweya Mutsvene, unosangana nezvipingaidzo zvakawanda. "Matambudziko ewakarurama mazhinji, asi Mwari vanomudzikinura kubva paari ose."

Mwari vanonyatsokuunza kumusoro, wakatarisana nazvo, kuti Vagokuratidza simba raVo nekunaka kwaVo.

152 Sekunzwa kwandakaita nyaya yemufudzi muJerusarema, akatyora gumbo regwai rake. Vakati ivo, "Nhai, iwe mufudzi ane utsinye. Sei wakatyora gumbo regwai iri?"

153 Akati, "Honaika, raiita sokunge risingandide. Saka ndakafunga kuti regai ndingotyora gumbo raro, kuitira kuti ndinyatsoritarira nepedyo, zvadaro rinozondida kubva ipapo zvichienda mberi."

154 Dzimwe nguva Mwari vanotokuradzika nemusana, nehurwere, hwekuti chiremba anoti uri kuzofa. Mwari vanokwanisa kumbonyatsokubata zvakanaka zvishoma kuti uVade zvakawedzerwa. Ndizvozvo.

> Vamwe nemumvura, vamwe nemumafashamo,
> Vamwe nemumiedzo yakadzama, asi vose nemuRopa;
> Jesu anotungamirira Kereke yaKe.

155 Zvino, pavakanga varipo, uye mvura dzichivava uye vasingakwanise kunwa, Mwari vakavapa nzira. Kamuti kadiki kekare kaizunguzika pamahombekombe, Mosesi akangokatema ndokukakanda mumvura, ndokushandura nyaya yacho yose; mvura yakanaka, inotapira.

156 Zvino kana watarisana neimwe yemvura dzako dzinovava, kana chimwewo chinhu chakada kudaro, pane muti, manheru ano, tichitaura pamweya, wakarembera pamusoro peGorogota, kana kuti pasi rose, manheru ano, uyo uchaita kuti chero mvura ipi zvayo inovava yaungatungamirirwa kwairi igotapira. Ndizvozvo. Karivhari inoita kuti chero chiitiko chigotapira. Nguva zhinji tinopinda munzvimbo dzakaoma, zvino tofunga kuti chirudzii. Saka ndinovhara maziso angu imwe nguva, ndofunga, "Ikoko paGorogota, apo Mudzikinuri wangu akadeura ropa ndokufira hupenyu hwangu," ipapo muyedzo wangu wakaita somudiki kwazvo. Ndinongokandira padivi ndoenderera mberi. Unoita kuti zvitapire. Unotapirisa chiitiko chese chandakambova nacho. Anogara achiita kuti itapire, pandinosvika kumvura yangu yepaMara.

157 Zvino, tave kuda kuvabata zvino vari murenje, mushure mezviratidzo zvikuru zvose zviya nezvishamiso. Rumutsiriro rwakanga rwanyarara. Uye chinhu chekutanga munoziva, rumutsiriro parwakanyarara, handiti, vakakanganwa zvose nezveminana.

158 Hazvina here kungoda kufanana nevanhu nhasi? Vanokanganwa zvakaitwa naMwari gore rakapera. Zvakaitwa naMwari pamusangano kunze kuno kuchikoro chesekondari, munokanganwa nezvazvo. Maona? Zvakaitwa naMwari, tinongokanganwa nezvazvo.

159 Zvino, cherechedzai, zvino nekuti vakatanga kukakavadzana mumwe nemumwe, “Manjeka, chaizvo ndiri, futi, ndiri muMethodisti. Chechi yedu ndiyo hurusa.” “Ini ndiri muBaptisti, uye ndinokuudzai iko zvino, tinotenda muchengetedzo yeKusingaperi, uye tinaWo. Ha, ha! Imi mose hamuna dzidziso, shure kwezvose.” Ndipo paunopinda mudambudziko, uye mvura yako inovharwa ipapo. Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo.

160 Ndipo apo, gwenga, paanogara kunze mugwenga, otanga kugunun’una, kugunun’una nekunyunyuta. “Zvakanaka, ndinokuudzai. Ndinokuudzai, mufundisi uya mutana paakanga ari pano, muparidzi uya mutana akaparidza zvechinamato chenguva yakare saizvozvo, ini—ini handizivi kuti anga ari raiti here kana kuti kwete. Ndinokuudzai, aka—akashatirisa kwazvo amai vangu, humwe husiku, vakaenda kumba. Uye ndinokuudzai, akavanyandura, sekudaro.” Vaitofanira kunzwarwo. Ndizvozvo. “Oo, handizive kuti ndingada kunzwa zvimwe here pamusoro paZvo, kana kuti kwete.” Zvino ndipo panovharwa mvura yako ipapo. Ndizvozvo. Ndipo paunopinda mugwenga ipapo.

161 Vakatanga kugunun’una. Vakati, “Mweya yedu—yedu iri kufinhikana nechingwa ichi chakareruka.” Mushure mekunge vasiya gariki nehanyanisi dzeEgipita, uye vakanga vachidya chikafu cheNgirozi, asi vachingonyunyuta. Hazvina kufanana nechechi here izvi? Zvino ndave kudzika kuvanhu vehutsvene zvino, imi mose; hongu, mose zvenyu. Vachidya chikafu cheNgirozi, zvino ndokuti, “Ndinoshuva kuti dai tadzokera kuEgipita, kunotora imwezve gariki.”

162 “Clayton McMichen neWildcats vachange vari kubhawa nhasi manheru. Dai ndisina kujoinha chechi yekare iyi, ndingadai ndatoendako.” Chitongoendaka hako. Pane pfuma yako, ndipo pane mwoyo wakowo zvakare. Hapana chawakakawana pawakatanga. Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo. “Oo, ndinoda kuita *izvi,* kana kuita *izvo*.” Hezvoka izvo, kungonyunyuta nguva dzose.

163 Zvino vakasiya mvura dzine madhaka dzeEgipita, kuti vanwe mvura dzakachena kubva muDombo reMazera, zvino vainyunyuta pamusoro paRo. Vakasiya nzvimbo yaiva navarapi vakuru, vaizvitutumadza veEgipita, vanozvitutumadza zvikuru nevose, kuti vave naChiremba Mukuru. Vakabva panzvimbo kwavaitaura, kuti, “Mazuva ezvishamiso akanga apfuura,” kuti pamwe nevanhu vaiva nezviratidzo nezvishamiso zvichivatevera, asi zvakadaro vachingonyunyuta. Oo, ini zvangu! Hongu, changamire. Zasi ikoko, hongu, vaEgipita, vaiva Marudzi vakatonhora, vasina kana hanyn’a. Vakanga vasingatendi mune chinhu chakadai sezvishamiso.

164 Zvino, vakanga vave kunze kuno kwavaiva neShongwe

yeMoto yakavapoteredza. TinaYo manheru ano. Vakanga vari kunze uko kwavaiva nemufaro mumusasa, vachidanidzira, zvishamiso zvichiitwa, nezvose, uyezve vachinyunyuta pamusoro pazvo. Ndokusaka mvura yakapwa, ndokusaka vakanga vasina zvokudya kana kunwa, nokuti vaigunun'una.

165 Uye ndiro dambudziko rine machechi emuLouisville, manheru ano; kugunun'una, kunyunyuta. Nhai vedu! Dzokerai pabasa. Ndizvozvo.

166 "Saka ndiani muchinda uyu, Mosesi? Sei takateerera, kuterera kumuparidzi uyu muumburuki mutsvene, chaizvoizvo? Tiri kumboiteiko kunze kuno?" Zvino chitubu chemvura yavo chakapwa.

167 Ndinofunga nezvaMosesi, murume uya mukuru. Akadzidziswa mune zvose zve—zvehuchenjeri hwevaEgipita. Ngatimbomutarisai kwechinguvana. Ngatitorei Mosesi, kweminiti imwe. Tarisa muchinda uyu. Akanga ari . . .

168 VaEgipita, vaive vakatidarika isu nhasi uno, kana zvasvika kusayenzi dzedu dzezvokurapa. Vaive vakatidarika nekure. Zvizhinji zvavaigona kuita zvatisingakwanise kuita.

169 Zvino Mosesi aiva nemushonga wose unorapa. Zvino paakanga ari kunze uko, pafungei, Mosesi aiva nevanhu vangangoita 2 miriyoni vaaiva navo. Aiva nevana vaduku. Aiva neharahwa, nechembere. Aiva nezvirema, nemapofu. Vana vaiberekwa, zviuru zvavo, muvhiki rimwe. Zvino Mosesi, Chiremba Mosesi, vaiva kunze uko murenje nevanhu vose ava. Ndinoda kumbotarisa mubhokisi ravo remishonga, hamungadewo here? Ndingada kuona zvaive naChiremba Moses mubhokisi remishonga. Ngatimbodongorerai zvishoma mubhokisi remishonga iri tione zvavaiva nazvo.

170 "Mosesi, nhai, chii chaunacho imomo, Mosesi?" Handiti, tinoona kuti parwendo rwose rwamakore 40, vana vanodarika dzimwezve 2 miriyoni vakazvarwa. Ndizvozvo. "Wakashandisei nhai, Moses? Wakashandisei pane kwose kukuvara nemarwadzo nemakenza, nehupofu, nepakuva matsi, nembeveve? Handiti, vanondiudza, kuti pawakabuda murenje, pakanga pasina kana ane hutera pakati pavo." Nhai, vamwe vevanachiremba ava havangade here kutarisa mariri, iro kabati remishonga?

171 "Uyezve chimwe chinhu, Mosesi, chii chawakasasa pavanhu ivavo, kusvika pekuti kunyange hembe dzavo hadzina kusakara? Shangu dzavo hadzina kumbosakara, vachifamba pamatombo iwayo." Kana wakambosvikako, unoziva zvakaita mugwenga, munosakadza shangu mumazuva 3. Uye havana kana kutombobvarura kachidimbu kamwe kedehwe kubva padziri, mumakore 40. "Moses, chii chaiva mubhokisi rako remishonga?"

172 Ngatitarisei mariri. Ndiri kumuona, "Ane gwaro remushonga rimwe chete, 'Ndini Jehovha anokupodza.'" Zvatoringana. Ameni.

173 Akati, "Oo, Moses, baba vangu vanga vari kuno uku, vatobva mukudonha ndokutyoka gumbo. Mungavapewo mushonga upi?"

174 "Rega nditarise ndione. 'Kana mukateerera inzwi raNgu, nokuita zvose zvaNdinoraira, Handizoisi chimwe chezvirwere izvi pamuri, sevaEgipita, nokuti ndini Jehovha anokupodzai.' Muudze izvozvo." Vakatopora. Ameni. Ndizvozvo.

"Oo, ari kurwara zvakanyanya! Mucheche wangu ari kumonywa nemudumbu, kana kuti ane mabayo, akaipa kwazvo! Chiremba Moses, ndoita sei?"

175 "Rega ndione zvandinazvo. 'Ndini Jehovha anokupodza.'" Zvatoringana. Ameni. Havo ndokuenda. Ndizvozvo. Vachienda havo mberi, vachifara. Ndizvo chete zvaaida, "Ndini Jehovha anokupodza."

176 Kubva pane 600 nedzinoraudzira, dzevimbiso dzechokwadi dzekupodza kwaMwari, muTestamende Itsva yoga, asi zvakadaro tinobvunza Mwari, manheru ano. Kutongwa kucharevei kwatiri? Ndizvozvo.

177 "Ndini Jehovha anokupodza." Hongu, changamire. Ndizvo zvaiva naMosesi, Chiremba Moses vaive nazvo munzvimbo yavo, mune ravo . . . mubhokisi ravo remishonga, zvaive izvi, "Ndini Jehovha anokupodza." Saka vakapodza zvirwere zvose, vakavachengeta zvakakwana, ndokuvaunza nemurenje chaimo, kupinda munyika yevimbiso. Oo, ini zvangu!

178 Vakasiya varapi vakuru ivavo, vaizvitutumadza, kuti vagova naChiremba Mukuru uyu. Vakanga vasiya boka riya revanhu vaitonhora, vetsika, uye isina hanyn'a, vaiti, "Hakwaiva nechina chinonzi minana." Zvino ipo apa, Shongwe yeMoto yakanga yakarembera pamusoro pavo. Vanhu vakanga vachipodzwa. Zvose, uye chose chavaida, chaingopiwa kwavari, uye zvakadaro vakanga vachinyunyuta pavakapererwa nemvura. Asi zvino munyasha dzinozvitongera dzaMwari, mune zvose izvozvo . . .

179 Sezvamuri muno muLouisville manheru ano, pakati pekuchema kwose uku, "Mazuva ezvishamiso akapfuura. Sangano reThe Medical Association riri kuedza kumisa zvekupodza kwaMwari, munyika yose." Hamufe makazvimisa. Mungatosva matomira henyu iko zvino. Hamugone kuzvimisa sekusagona kwamunoita kumisa zuva. Ndizvozvo.

180 Kuno makore mashoma apfuura, pandakatanga muJeffersonville, ndaiparidza zvekupodza kwaMwari. Kwakanga kusingazivikanwi, chaizvoizvo, kwemakore. Chakanga chiri chinhu chakaoma. Asi, hama, manheru ano kune mamiriyoni avo, kwese-kwese, vari kudanidzira. Edzaika kuzvimisa? Hamukwanisi. "Ndini Jehovha ndakaudyara;

Ndichaudiridzira, masikati neusiku, kuti kurege kuva mumunhu angaubvuta kubva muruoko rwaNgu."

181 Kuno nguva shoma yapfuura, ndaitarisa shiri duku paStatue of Liberty. Dzainge dzakangoti kata-kata ipapo. Tumachinda utwu twaive twakangoti kata-kata pese-pese, pasi pechiedza ichi. Ini ndikati, "Chii chakaita izvozvo?" kumutungamiri.

182 Iye ndokuti, "Twakazviputitsa uropi, manheru apfuura, mudutu riya. Twakapinda muchiedza, uye chiedza chingadai chakatuendesa kwakachengeteka, asi twaiedza kudzima chiedza ichi. Zvino twakazviputitsa uropi, twuchiedza kudzima chiedza."

183 Ndakati, "Mbiri kuna Mwari!" Ndofunga akafunga kuti ndinopenga. Ndikati, "Izvi zvinounza mupfungwa dzangu zvevamwe vevanhu ava vari kuedza kuti vadzime zvekupodza kwaMwari neSimba rekumuka kwaJesu Kristu." Munozviputitsa uropi; hamufe makazviita. Ingozvigamuchira, mobhururuka kuenda kwakachengetedzeka, mazviri. Ndizvozvo. Ameni.

184 "Taura kudombo, Mosesi," Mwari vakaudza Mosesi, "uye richabuditsa mvura yaro, richabuditsa mvura yaKe."

185 Kuno nguva shoma yapfuura, ndakanga ndakatarisa mufananidzo mune imwe miziyamu, wedombo iri richirohwa. Uye kaiita sekakova kadiki-diki kaiburitsa mvura, kangade kukura seniti yekurukisa. Ndakafunga, "Kupenga kwakadini kunomboitwa nevanopenda mifananidzo ava!" Handiti, hama, ndaigona kutonwa zvekuomesa chinhu ichocho kana dai ndaiva nenyota chaiyo. Hongu, changamire.

186 Unoziva here kuti chii icho Mosesi akanwisa kubva muDombo iroro? Aiva nevanhu vanopfuura 2 miriyoni, tisingaverenge zvipfuwo zvose. Zvaitora magaroni angangoita 40,000 paminiti imwe chete, kuti—kuti avanwise, vose. Hareruya!

187 Izvi zvinondifungisa mumwe munhu ari muchinamato chake. Unongova nechinamato chakakwana kuti uende kuSunday school mangwanani eSvondo, kungopfira tushoma kuti ungova nehunyoro zvishoma.

188 Ndinofarira kugara paChitubu chinowodzvoka mvura zhinji, hareruya, yakakwana kundiendesa muna Ziyendanakuenda. Hareruya! Ndinofara kuti ndakabva munzvimbo iyoyo yekare inongova nehunyoro; kuenda kune pombi inogara ichingodira nguva dzose. Hongu, changamire.

189 Vanhu vanongova nechinamato chakakwana kuvaita kuti vave vakasuwa. "Manjeka, handikwanise kugara zvinodarika kana 10 maminetsi. Maiwee, zvangu, muparidzi uyo anorebesa zvakadii?" Iwe ruponeso rwako rwakadzika zvakadii? Ndizvozvo.

190 Unoenda mangwanani eSvondo, woti, "Zvakanaka, ndichakwidzako ndononzwa zvavanotaura." Uye wongomwaiwa zvishoma kamwe chete wodzokera, uye ndizvo zvoga zvawawana.

191 Hama, ndinokutaurirai, Mosesi paakarova Dombo iri, rakadiridza renje rose. Ameni. Hongu, changamire. Chinhu choga, zvese zvavaida, vaingozviwisira pasi ndokunwa, vogonwa, vogonwa kusvika vaguta. Zvakadaro, mvura yakawanda yaingobuda, ingangoita magaroni 40,000 paminiti imwe. Imbofungai, vanhu vangani, vanhu 1 miriyoni, vanhu 2 miriyoni vaigona kunwa, muminiti imwe; vanhu vane nyota, tisingaverenge ngamera, nezvipfuwo, nezvinhu zvavakanga vanazvo. Zvino Bhaibheri rakati, "Yakabuda yakawanda." Yaingowomba ichibuda, nemurenje mose.

Ndiwo mapiiro akaita Jesu Kristu Mweya Mutsvene.

192 Kwete zvishoma bedzi, zvekuti, "Zvakanaka, ndinotenda kuti ndichaenda ndonojoinha chechi." Oo, ini zvangu! "Oo, handitombodi ruzha rwese urwo. Rwunondidederesa." Kana ukazonzi wafa, unogwamba kusvika pakufa kana uri wasvika Kudenga, nokuti, hama, uchanzwa rumwe ruzha kana wasvika Ikoko. Bhaibheri rakati vari kudanidzira "hareruya," masikati neusiku; zuva rose, nokuti hakuna usiku. Ndizvozvo. Unofa zvirokwazvo kana wasvika kuDenga, zuva rechipiri kumusoro Ikoko. Hongu, changamire. Zvakanaka, wakango . . . zvawakaita, wakangoenda kunova nehunyoro, zvishoma.

193 Haungagari here pasi pedyo nemvura iri kuwodzvoka, uye woirega ichidira pasi kusvikira yakugezesa kusvika ku . . . hareruya, mukati, uye kusvikira warasikirwa nezvauri iwe uye usisazive pauri. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Ndiyo nzira yaunoda kuva.

194 Ndaiwanzoudza babamukuru vangu, baba vangu kuti, "Vakomana, inini ndinogona kutuhwina," mukadziva aka kari kumusoro kuno kuUtica Pike.

195 Rimwe zuva, baba vakanogara pachidhireni chemvura, ndokuti, "Ndinoda kukuona uchituhwina." Kadziva aka kainge kakadzika se*zvizvi*. Ndakanga ndakamira pachibhokisi chemapuranga. Ndakakurura hanzu dzangu, ndokubata mhuno yangu se*zvizvi,* ndokusvetuka-svetuka pachibhokisi ichi. Ndakadhaivha, madhaka ndokumwararika kumativi ose, ndokubva ndatanga kupfachura madhaka.

Ndakati, "Ndiri kugona zvakadii, Baba?"

196 Vakati, "Buda umo." Kutuhwina? Kukambaira mumadhaka, nguva dzose.

197 Tine nhengo dzechechi dzakawanda dzinokambairawo mumadhaka, zvakare. Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo, vanokambaira mumadhaka. Hongu, changamire.

198 Rimwe zuva, babamukuru vangu vakabuda neni neigwa zvino ndakanga ndichiganza pamusoro pekutuhwina; kuno uku muOhio River, angangoita mafiti 20 emvura. Vakangotora chikwasvo ndokundisundira mumvura, vakati, "Zvino pakadii apo?" Ameni. Hareruya! Ndaitofanirwa kutuhwina kana kuti ndonyura, ipapo. Oo, ini zvangu!

199 WotoZvijaira hako iye zvino. Buda upinde mumvura zhinji iri kuwodzvoka, umo Mwari vanovhura dombo imomo murenje vongoidurura zvavo. "Taura kuDombo," Vakati, "uye richabuditsa mvura yaRo."

200 Zvichida, shamwari yangu, manheru ano, zvichida uri kuparara. Unofanira kutaura kuDombo. Ndizvozvo.

201 Zvichida wakaenda kwese-kwese. Zvichida wakaenda kuchechi, ndokujoinha Methodisti, ndokujoinha Baptisti; zvino vakakutsamwira, ndokubva waenda kuPresbyteriani; ndokudzokera kumaPentekosti, neuko kuNazarene, zasi kuPilgrim Holiness. Uye nazvino hausati wawana kunzwisisa.

202 Ingotaura kuDombo, manheru ano. Zvingori . . . Uri pachinhanho chekutaura naYe here? Ehe. Vakati, "Taura kuDombo, uye Achabuditsa mvura yaKe." Richaburitsa mvura yaKe, kana ukango . . . Hauchafanirwe kuMurova, zvakare. Ingotaura kwaAri. Pangori pahushamwari, taura kwaAri.

203 Zvichida wakamboenda kwachiremba. Zvichida wakaita zvese zvaunoziva kuita, kuedza kuti ugopora. Zvichida wangoita zvese zviri musimba rako, potse, asi hausi kupora. Chiremba wese, wakapfuura nemuhofisi yese yaunoziva chaizvo, zvino chiremba ndokuti, "Unongo . . . Hapana kana chinogona kuitwa pauri." Wadii kutaura kuDombo, manheru ano? Acha . . . Ane mvura dzako dzeHupenyu ipapo, achikupa Hupenyu hwakawanda nekupfuurira.

204 Imwe nguva paiva nemumwe mudzimai, muBhaibheri, ainzi Hagari. Ndiri kufunga nezvake. Uye ndiri kugadzirira kuvhara; nguva. Paiva nemudzimai ainzi Hagari, uye aiva nemwana mudiki. Akanga adzingirwa murenje, aine kachibhotoro kamwe kemvura. Akapa kanhu kadiki aka zvekudya, zuva rose. Asi mvura yakapera, tingati panenge pakati pezuva, zvino mwana mudiki uyu aizhambatata nekuchema. Miromo yake midiki yakanga yaoma uye rurimi rwake rwakanga rwozvimba. Mai vanonzwisa urombo, vane rudo, chii chavaigona kuita? Akanga atsvaga nzvimbo yose duku yaaigona, kuti awane mvura, asi mvura yakanga isingawaniki. Aisagona kumira achiona mwana uyu achifa; saka akamuisa pasi pechigwenzi, ndokufamba chinhambwe chingasvikwa nemuseve wapfurwa.

205 Zvino akapfugama ndokutaura kuDombo. Paakataura kuDombo, Ngirozi yakamupindura ndokuti, "Hagari, chii icho chiri kuwodzvoka apo?"

206 Paiva netsime rose, rizere nemvura, richiri kushanda nanhasi. Mushure memakore angada kusvika 4,000, richiri kushanda nhasi uno. Chitubu icho Hagari. . .ipapo, icho, chichiri kushanda nhasi uno. Akataura kuDombo, Dombo rikabuditsa mvura.

207 Paiva nevamwe vana vechiHebheru vakaenda muvira remoto, rimwe zuva, uye vakataura kuDombo. Uye Dombo raiva pamwe navo.

208 Pane mudzimai akabuda kubva muSamaria, imwe nguva. Ainge akawodzwa moyo. Anga akazara nezvivi, uye aive nezvinhu zvakawanda zvakarembera pahupenyu hwake, zvichida. Uye aive akawodzwa moyo. Aienda kutsime raJakobho kuti awane betsero, zvino odzokera hake. Aienda kutsime raJakobho, odzokera. Zvino rimwe zuva akagadzika chirongo chake pasi, uye amire ipapo, akaodzwa moyo. Zvino ipapo paive pakamira Dombo, rimire pedyo naye. Akataura kuDombo iroro. Akamupa mvura zhinji yakawodzvokera mumoyo make. Akamhanyira muguta. Haana kuzombouya kuzochera, zvakare. Akava neHupenyu. Akati iye, "Huyai, muone Murume andiudza zvose zvandakaita. Handiye Kristu wacho here?" Akataura kuDombo, uye Dombo ndobuditsa mvura yaRo.

209 Paiva nekamwe kamudzimai kaive katambisa mari yako yose kunanachiremba, venhema, vakange vatora mari yako yese. Havana kukwanisa kumisa kubuda kweropa. Zvichida akanga apinyoresa purazi rake, uye zvichida akatoritengesa. Zvino akanga agere, achiruka hake rimwe zuva, akanzwa Chimwe chinhu chichiuya zasi mumugwagwa. Akataura kuDombo. Iro Dombo rakacheuka ndokuti, "Ndiani aNdibata?" Zvakatopera paakataura kuDombo. Akamupa mvura zhinji yeHupenyu, iyo yakamisa kubuda kweropa. Rakamira, nekukurumidza.

210 Paiva nebofu mutana raipemha rakanga rimire padivi pemadziro, rimwe zuva, richidedera muchando. Zvese zvaaiva nazvo zvakanga zvapera. Zvino hepano paaiva, zvino achinzwisa tsitsi, uye vanhu vaipfuura zvavo nepo. Akanzwa Chimwe chinhu chichiuya; akati, "Chii ichocho?" Zvino akataura kuDombo.

211 Kunyangwe hazvo, nhengo dzechechi yake, dzakamupoteredza, dzakaedza kumumisa, dzichiti, "Hazvina kana basa. Haugone kuzviwana. Garira kure. Nyarara hako."

212 Asi iye akawedzera kudanidzira, "Iwe mwanakomana waDhavhidhi, ndinzwireiwo ngoni! Ndinzwireiwo ngoni!" Akataura kuDombo, zvino Dombo ndokumupa mvura zhinji, meso ake ndokuzaruka.

213 Dombo rimwe chete rakanga riri murenje riripo nhasi. Rinoita kuti vanhu vapembere.

214 Rimwe zuva, Jerusarema rose rakanga rimire kunze kuti rione mupodzi waMwari, muumburuki mutsvene, achipinda

muguta; nevanhu vashoma vamire ipapo, vachidanidzira nenzwi guru, "Hosana! Hosana, kune Iye anouya muZita raShe!"

215 Vaizviidza nhengo dzekereke vaivepo kunze ikoko vakapfeka nguwo dzavo refu, vaine maD.D avo kumashure kwavo; vakati, "Ngavanyarare avo. Ini zvangu, vanoita kuti ndinzwe chando kumusana kwangu, nezvimwe zvakadaro. Vanyararidzei."

216 Akati, "Kana vakanyarara, matombo anobva atodanidzira ipapo." Sei zvakadaro? Iro Dombo chairo rakachekwa kubva mugomo, pasina maoko, rakanga richiuya, richikungurukira muJerusarema. Matombo maduku akanga achinwa kubva paRiri. "Taura kuDombo, uye Richabuditsa mvura yaRo."

217 Kana uchida ruponeso, manheru ano, taura kuDombo. Richaburitsa mvura yaRo. Kana uri munhu akadzokera kumashure, manheru ano; taura kuDombo, Richabuditsa mvura yaRo. Kana uri pano, manheru ano, uye usina Kristu; wakaedza chechi yose iripo, muguta, kuti uwane ruponeso; taura kuDombo, Richabuditsa mvura yaRo. Unozvitenda here? Kana uri akadzokera kumashure, wakabva pana Mwari, uchifunga kuti hapana mukana kwauri; ingotaura kuDombo, uye Richabuditsa mvura yaRo.

218 Unozvitenda here, nemoyo wako wose? Unotenda here kuti Mwari vachazviita? Nemoyo wako wose, unozvitenda here? Hareruya! Ari pano manheru ano.

219 Uye kana uchirwara, uye waedza zvese munyika, wakaedza kupinda mumutsara wekunamatirwa, uye watadza kupinda mumutsara wekunamatirwa; wakava nemakadhi ekunamatirwa, ukasawaniswa mukana; wakaenda kumusangano mumwe, ukaenda kune mumwe musangano; wakazodzwa nemufundisi; wakapfuura nemumutsara *uyu* wekunamatirwa; wakaenda kwese-kwese, uye hausi kupora, ko wadii wataura kuDombo zvino? Achabuditsa mvura yaKe. Ndizvozvo. Ko wadii kungoMuedza kamwe chete? Svika pakukwanisa kutaurirana naYe, iye zvino, Achiri muchivakwa.

220 Hupo hwaKe huri pano zvino kuzopodza mumwe nomumwe wenyu. Ndinozvitenda, ndinozviziva nemoyo wangu wese. Ndinotenda. . . Pane zvimwe zvinhu zvandisingazive, asi pane zvimwe zvinhu zvandinoziva, uye ndinoziva kuti Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu, ari pano chaipo.

221 Pandiri kuedza kudanira kuartari izvozvi, mumoyo mangu, zviratidzo zviri kuputika kwese-kwese muchivakwa iye—iye zvino. Oo, ndizvozvo. Masimba aMwari ari pano. Ndizvozvo. NdaVaona vachifamba kunze kuno. Zvave kutanga kundiendesa kubva mune chimwe chiyero kuenda mune chimwe, izvozvi; nokuti pane vanhu vari kurwara pano, uye minamato yenyu ndiyo iri kuzviita; kusimbisa Shoko raMwari, zvichiti Ari ipo pano kuti ataurwe kwaari, manheru ano, Dombo rimwe chete rakamira rikaona mifungo yavo. Rikaona paive nemudzimai uya,

aive nechirwere chekubuda ropa, nezvimwe zvakadaro. Ari pano iye zvino. Kana ukataura kwaAri, Achaburitsa mvura yaKe. Unozvitenda here nemoyo wako wese?

222 Munofungei, nhai amai? Imi mune. . .Muri pakati chaipo apo. Zvino, hamuna kadhi rokunamatirwa, munaro here? Mudzimai ane chinhu chichena muhuro make, akagara apo chaipo. Mune chirwere cheshuga, handizvo here? Hamuna kadhi rekunamatirwa, munaro here? Hamutodi kadhi rekunamatirwa. Munozvitenda here? Munofunga kuti munogona kutaura kuDombo here? Munoda here kutaura kwaAri, nezvechirwere chenyu cheshuga, iye zvino? Simukai netsoka dzenyu zvino. Ndizvo here? Ingotaurai kuti, "Ndinogamuchira Jesu Kristu zvino semupodzi wangu," uye Mwari vachakuendesai kumba vagokupodzai. Taurai kuDombo. Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka. Endai, zvino munopora.

223 Munofungei nezvazvo, mugere pedyo navo, amai? Mune tsinga dzakazvimba mumakumbo enyu, handizvo here? Ndizvozvo. Simukai netsoka dzenyu. Haasi murume wenyu here uyo agere padivi penyu ipapo? Ndizvo here? Imi mune chirwere cheshugawo, zvakare, handizvo here? Ndizvo here? Isai ruoko rwenyu pamudzimai wenyu. Zvakanaka. Mose muri vaviri munobva kuIllinois. Handizvo here? Zvino dzokerai kuIllinois, muchitaura kuDombo, uye chichakusiyai zvekusazodzoka zvakare. Hareruya!

224 Ndinoziva chinhu chimwe chete, kuti Dombo riri pano, Dombo reMazera rakarohwa murenje. Ndizvozvo.

225 Unofungei nezvazvo, mudzimai muduku une maruva ayo pangowani yako? Akagara ipapo ane arthritis, uchiedza kuikunda. Iwe wacheuka ukatarisa kune rimwe divi, unotenda here nemoyo wako wose kuti Mwari vachakupodza? Simuka netsoka dzako zvino, wogiya netsoka dzako, uti, "Arthritis yapera," uye ndizvozvo. Taura kuDombo, uye Iye achaunza. . .?. . .

226 Ndinokuudzai, Jesu Kristu mumwe chete, zuro, nhasi, nokusingaperi. Ari pano kuti agoratidza chero chinhu icho. . .

227 Unofungei nezvazvo, mudzimai akagara apo, ati, "Ishe ngavarumbidzwe," ane dambudziko remadzimai iroro, akapfeka kabhachi, kakaita kegirinhi, ugere apo? Unotenda here kuti Mwari vatokupodza ipapo? Simuka, mira zvishoma; agere apo chaipo. Unotenda here nemoyo wako wese? Une dambudziko remadzimai. Ibundu rine hurwa. Une kachubhu, imwe mhando yekusvinisa inobva pariri. Handizvo here? Kana zviri izvo, simudza ruoko rwako. Chii chiri kuita kuti nditaure izvozvo? IDombo iroro riri kutaura newe. Iwe Ripindure, ugopodzwa. Hareruya!

228 Oo, Anoda chaizvo kuunza kuratidza kwaKe kwesimba raKe! Uye ndinoona Mutumwa waMwari, Shongwe yeMoto

imwe cheteyo yaitevera vana murenje, ichifamba nemuchivakwa chino zvino.

229 Ndiri kuyedza kutsvaga pane mumwe mudzimai. Ari kunamata. Ari kupi muno? Heunoi Amira apa. Hongu, mudzimai mudiki akamira apo chaipo, wechipiri wacho akagara. Kwete, iye. . .Zviri pamusoro pemumwe murume, akamira. Murume chidhakwa wamuri kunamatira. Handizvo here, amai? Kana zvakadaro, simukai netsoka dzenyu ipapo chaipo. Hamuna here murume chidhakwa wamanga muchinamatira? Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Taurai kuDombo, zvino Mwari vachamubuditsa kubva mu—muchinhu ichocho.

230 Mwari vanoita chero chinhu muno, kana mukangozviita bedzi. Unozvitenda here? Uri pachinhanho chekutaura naVo here? Kana uri, mira netsoka dzako izvozvi utaure kuDombo, uye Dombo, richabuditsa mvura yaKe. Ungasimukawo here?

231 Ndiani anoMuda kuti awane ruponeso? Simudza ruoko rwako, uti, "Ndinoda kuti Auye mumoyo mangu." Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, nemi, nemi, nemi. Oo, ini zvangu! Hongu, changamire.

232 Kenza iyoyo yakusiyai ipapo, hama yangu. Yaenda. Munogona kuenda kumba monopora izvozvi. Hareruya! Ichokwadi.

233 Vose vanoda kupodzwa, simudzai ruoko rwenyu, muti, "Ishe, ndiri kutaura kwaMuri. Ndiri kutaura kwaMuri." Ndizvozvo.

234 Hoyoka uyo. Changamire, chirwere chenyu che sinus chakusiyai ipapo. Masununguka. Endai kumba; nemuZita raJesu Kristu, wapora.

235 Chero ani zvake ari muno, anoda kuMuwana zvino, simudza maoko ako uti, "NdinoKutendai, Ishe, nekundipodza. Ndiri kutaura kwaMuri, nemuZita raJesu Kristu, kuti Mundipodze."

236 O Mwari, wetsitsi, tumirai simba reNyu manheru ano, nechizoro cheMweya Mutsvene, paAri muchivakwa chino zvino, kuti atsvaire nepaungano ino. Uye dai Mweya Mutsvene aita chishamiso chose. Dai pakasava nemunhu anorwara kana akaremara anosara muchivakwa manheru ano. Dai Mukapodza munhu wese, muZita raJesu Kristu.

54-0330 Rudzikinuro Muhuzaro, Mumufaro
Church Of The Open Door
Louisville, Kentucky U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:



VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org